**O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI JOQARI ŃÁM ORTA ARNAWLIBILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**A`JINIYAZ ATINDAG`I NO`KIS MA`MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI**

**Tariyx geografiya fakul`teti**

**Geografiya oqıtıw metodikası kafedrası**

**Geografiya oqıtıw metodikası bakalavr ta'lim bag'darı**

**4 a –kurs talabası**

**Shınnazarova Naziyra Baxadır qızının'**

# GEOGRAFIYA TA`LIMINDE OQITIWSHILARDA EKOLOGIYALIQ BILIMLERDI QA`LIPLESTIRIW MA`SELELERI

**temasında bakalavrlıq**

# *PITKERIW QA`NIGELIK JUMISI*



**Ilimiy basshi:** **U`lken oqıtıwshı J.B.Abdiramanov**

**Kafedra baslig`ı:** **G.m.i.k. K.Djaqsimuratov**

**NO`KİS - 2019**

**GEOGRAFIYA TA`LIMINDE OQITIWSHILARDA EKOLOGIYALIQ BILIMLERDI QA`LIPLESTIRIW MA`SELELERI**

**KIRISIW…………………………………………………………………….....3**
**1-BAP. EKOLOGİYALIQ BILIMLERDIN` TİYKARG`I MAZMUNI…………………………………………………………………….....7**
**2-BAP. GEOGRAFİYA SABAQLARINDA OQIWSHILARDA EKOLOGİYALIQ BILIMLERDI QA`LİPLESTİRİW......………………25**
**2.1. Oqiwshilarda ekologiyaliq bilim menen ta`rbiyani qa`liplestiriwdin` pedagogikaliq áhmíyetí........................................................................25**
**2.2. Oqiwshilardin` ekologiyaliq bilimlerdi qa`liplestiriwdin` metodikaliq tiykarlari……………………………………………………..31**
**2.3.Geogirafiya pa’nihin’ ka’mil insan ta’rbiyasindag’I ro’li…………….37**
**JUWMAQLAW…………………………………………………………...42**
**PAYDALANILG`AN A`DEBIYATLAR………………………………..46**

## KIRISIW.

**Temanın' aktuallıg`ı:** Elimiz Prezidenti Sh.M. Mirzyoevtın` basshılıg`ında qabıl etilgen «2017-2021 jıllarda O`zbekistan Respublikasın rawajlandırıwdın` bes turaqlı jo`nelisleri boyınsha Ha`reketler strategiyası» haqqındag`ı qararında;

Jaslarg`a ta`n ma`mleket siyasatın jetilistiriw boyınsha:

Fizikalıq jaqtan salamat, ruwxıy ha`m intellektual rawajlang`an, o`z betinshe pikirleytug`ın, qatan` turmıslıq ko`z qarasqa iye, Watang`a sadıq jaslardı ta`rbiyalaw, demokratiyalıq reformalardı teren`lestiriw ha`m puqaralıq ja`miiyetti rawajlandırıw barısında olardın` ja`miyetlik belsendiligin arttırıw;

jas awladtın` do`retiwshilik ha`m intellektual uqıplılıg`ın qollap-quwatlaw ha`m de a`melge asırıw, balalar ha`m jaslar ortasında salamat turmıs qa`lbin qa`liplestiriw, olardı dene ta`rbiyası ha`m sportqa ken` tartıw ha`m tag`ıda basqada jaslarg`a arnalg`an ma`mleketlik siyasattı a`melge asırıw wazıypaları maqset etip qoyıldı.

Bul wazıypalardı a`melge asırıwda a`sirese orta bilim beriw mekteplerinin` ta`lim ta`rbiya jumısların elede jetilistiriw, bul jumıslarda pedagogikalıq kollektivtin` ta`lim ta`rbiya beriw tu`rlerin bayıtıw, jan`a pedagogikalıq texnologiyalar tiykarında jaslardı ha`r ta`repleme kamalg`a keltiriw og`ada a`hmiyetli.

Bu`gingi ku`nnin` en` aktual ma`selelerinin` birine aylang`an ekologiyalıq mashqalalardı sheshiwde, a`lbette jaslarda ekologiyalıq bilimlerdi ha`m ma`deniyattı qa`liplestiriw og`ada u`lken a`hmiyetke iye.

İnsan du`n`yag`a keler eken, ol en` a`weli o`z u`yi, awılı, ko`shesi, tuwılg`an ma`kanı, keyin pu`tin du`n`yanı an`lay baslaydı, mehir qoyadı, onı Watan dep ardaqlaydı. Watan shan`araqtan baslanadı degenlerinin` ma`nisi usı.

İnsan ta`biyat penen u`zliksiz baylanıslı. Ol ta`biyat penen baylanıs ha`m qatnasıqta bolmastan, jasawı mu`mkin emes. İnsan o`mirin ta`biyattan, ta`biyiy baylıqlardan ajıralg`an halda ko`z aldımızg`a keltiriwmiz mu`mkin emes.

XXI a`sir esiklerin da`dil ashqan elimiz g`a`rezsizligi bizge Watan tu`sinigi, tuwılg`an jurt, ana tilimiz, ma`deniyatımız, qa`driyatlarımız,

o`zligimizdi an`law baxtın berdi, en` a`hmiyetlisi jeti atanı, babalarımızdı, olardın` kimligi, jasag`an da`wiri, o`mirdegi ornın biliw, babalarımız esteligin ardaqlaw, olar ma`kan tutqan jerlerdi biliwge bolg`an qızıg`ıwshılıg`ımız ha`m parızımızdı oyattı.

1995-jılı Oliy majlistin` birinshi sessiyasisında O`zbekistannın` birinshi Prezidenti İslam Karimovtın` «...Watan geografiyası ha`m ekonomikasın u`yreniw og`ada u`lken a`hmiyetke iye»[1] dep ko`rsetkeni, ha`zirgi waqıtta zonalardın` ta`biyiy sharayatı ha`m ta`biyiy resursların geografiyalıq jaqtan bahalawdı, olardı teren` u`yreniwdi, asırap abaylawdı talap etadi.

Ta`biyattı ardaqlaw, qorshag`an ortalıqtı qorg`aw haqqındag`ı ko`rsetpeler babalarımızdan a`sirler asa ruwxıy miyras sıpatında ilham deregi bolıp kelgen. Ta`biyatqa mehiribanlıq insan du`n`yag`a kelgen payıtınan, go`deklik shag`ınan onın` qa`lbine sin`e baslaydı. Ta`biyatqa mehiri ku`shli bolg`an insannın` el-jurtqa, Watang`a bolg`an mehir- muhabbatı da joqarı boladı. Ta`lim-ta`rbiyada, a`sirese, ta`biyattı ardaqlaw haqqındag`ı shıg`ıs xalıqlarına ta`n bolg`an hikmet so`zler ko`p. Bunın` ushın ha`mmesinen aldın kishkene mektep jasındag`ı oqıwshılardı ekologiyalıq jaqtan ma`deniyatlı jaslar etip ta`rbiyalawımız kerek.

O`zbekistan Respublikasının` birinshi Prezidenti İslam Karimov ekologiyalıq mashqalalar haqqında pikir ju`rgizip; «A`sirler tutas kelgen pa`llede pu`tkil insaniyat, ma`mleketimiz xalqı ju`da` u`lken ekologiyalıq qa`wipke dus kelip qaldı. Bunı sezbeslik, qol qawıstırıp otırıw o`z-o`zin o`limge buyırıw menen barabar»[2] degen edi.

Watanımızda ekologiyalıq sharayat ha`m ekologiyalıq ta`rbiyag`a g`a`rezsizligimizden keyin u`lken itibar qaratılg`an. Og`an shekem bolsa O`zbekistandag`ı ekologiyalıq mashqalalar itibarg`a alınbag`an. Usı sebepli ma`mleketimizdegi ekologiyalıq awhal bir qansha mashqalalardı keltirmekte.

---

[1] Каримов И.А. Олий мажлиснинг биринчи сессияси. Тошкент-1995й.

[2] Каримов И.А. Ўзбекистон XXI аср бўсағасида: хавфсизликка таҳдид, барқарорлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари.- Т.: «Ўзбекистон», 1997. -112-113-б.

Bul mashqalalardı sheshiwde ekolgiyalıq ta`rbiya ta`lim diziminin` tiykarg`ı bag`darlarının` birine aylandı.

Endilikte qorshag`an ortalıq, ta`biyat baylıqlarına itibarsız bolıw pu`tkil planetag`a shıntlap ziyan jetkiziwi mu`mkinligi anıq bolıp qaldı. İnsan menen ta`biyat ortasındag`ı qatnasıqlar mashqalaların sheshiw za`ru`rligi tuwıldı.

Usı bag`darda ekologiyalıq sharayattı salamatlastırıw tiykarg`ı jumıslardın` biri bolıp qaldı.

Geografiyanın` baslang`ısh kursı bolg`an «Ta`biyiy geografiya»nı u`yreniwshi oqıwshılarda ekologiyalıq ma`deniyattı qa`liplestiriw, olarg`a ta`biyat, qorshag`an ortalıq penen qanday qatnasta bolıwdı u`yretiw ta`lim diziminin` aktual ma`selesine aylandı.

Jan`a a`sirdin` nawqıran insanı o`zinde ekologiyalıq ta`rbiya elementlerin de ko`rsete alıwı zaman talabı bolıp qaldı. Ekologiyalıq ma`deniyat-qorshag`an ortalıq haqqındag`ı teren` bilim, ta`biyattı asıraw tuyg`ısına iye bolıw, o`simlikler ha`m de haywanatlarg`a g`amxorlıq ko`rsetiw, ta`biyat qorlarınan aqılg`a muwapıq paydalanıw, olardı ko`beyttiriw ma`selesine qaratılg`an a`meliy iskerliktin` joqarg`ı ko`rsetkishi bolıp tabıladı.

A`ne usı qa`siyetlerdi o`zinde ko`rsete alg`an insandı ekologiyalıq ta`rbiya iyesi dep ataw mu`mkin.

Kereginen artıqsha suwdı pataslamaw, suw ha`wizlerin pataslamaw, taslandılardı dus kelgen orınlarg`a to`kpew, turar jaylardı azada saqlaw, na`l ha`m gu`llerdi sındırmaw ha`m de olardı egiw, haywanlarg`a, quslarg`a g`amxorlıq qılıw, u`y aldı ha`m ko`shelerdi gu`lzarlarg`a aylandırıw siyaqlı ha`reketlerdi a`melge asırıw ekologiyalıq ma`deniyattın` en` a`piwayı ko`rinisi esaplanadı.

**Jumistin` maqseti ha`m waziypalari:** Ekologiyalıq ta`lim ha`m ta`rbiya- insandı ta`biyatqa qa`dem qoyg`an waqtınan baslap, pu`tkil o`miri dawamında ta`biyattan aqılg`a muwapıq sanalı tu`rde paydalanıw, jas a`wladlardı ta`biyatqa hu`rmet ha`m itibar menen qaraytug`ın, ta`biyiy

baylıqlardı ko`beyttiriw sezimine ta`rbiyalaw, bag`lar, gu`lzarlar payda etiwge iykemlestiriw, insan qa`lbinde jaqsı sezimler oyatıwdan ibarat bolıp esaplanadı.

Bu`gingi ku`nde ekologiya, ekologiyalıq ta`rbiya ma`selelerine u`lken itibar qaratılmaqta. Geografiya sabaqlarında sabaq ha`m sabaqtan tıs waqıtlarda ekologiyalıq ta`rbiya turaqlı tu`rde berilip barmaqta. Ekologiyalıq ta`rbiya beriw maqsetinde sabaqlıqlar quramına da bir qansha temalar kirgizilip, bul a`lbette oqıwshılardın` bilim ha`m ta`rbiyasın asırıwg`a ja`rdem beredi.

**Izertlew obekti ha`m predmeti:** Geografiyanın` baslang`ısh kurslarında ekologiyalıq ta`rbiya sabaq ha`m sabaqtan tısqarı waqıtları a`melge asırıladı. Sabaqtan tısqarı waqıtları oqıwshılardı ta`biyat qoynına, ta`biyat mu`zeylerine sayahatqa alıp shıg`ıp, shembilikler, sa`wbetlesiwler o`tkiziw arqalı ekologiyalıq ta`rbiyanın` elementleri qa`liplestiriledi.

Sabaq barısında oqıwshılar ekologiyalıq ta`rbiyanı oqıtıwshının` tu`sindiriwi ha`m de sabaqlıqlarda berilgen temalar arqalı aladı.

Klasstan ha`m mektepten tısqarı jumıslar shaxstı ha`r ta`repleme kamal taptırıw ha`m onı turmısqa tayarlaw ushın ken` imkaniyatqa iye. Bul jumıslar oqıwshılardın` qızıg`ıwshılıqlarına muwapıq ra`wishte ko`n`illilik tiykarda sho`lkemlestiriliwi tiyis. Oqıwshılar klasstan tısqarı jumıslarda o`zlerin qızıqtırg`an shınıg`ıwlardı tan`lap aladı ha`m olar bul jumıslarg`a o`zleri jeke baslama tiykarında qatnasadı.

Na`tiyjede ekologiyalıq ta`rbiya beriw arqalı oqıwshılar:

- ta`biyat, onın` komponentleri, olar arasında nızamlıqlar haqqındag`ı ilimiy-a`meliy bilimge iye boladı;
- ulıwma insanlıq ekologiyalıq du`n`ya qarasları qa`liplesedi;
- tabiyat baylıqları qorların asırap-abaylaw ha`m olardan aqılg`a muwapıq paydalanıw ko`nlikpeleri payda boladı.

**Izertlew metodologiyasi ha`m usillari:** Pitkeriw qa`nigelik jumistin` metodolgiyasi bolip Elimizdin` birinshi Prezidenti, ko`rnekli ma`mleketlik g`ayratker, belgili siyasatshı I.Karimovtin` xaliq bilimlendiriw tarawlarin rawajlandiriw, jaslar ta`lim ta`rbiyasi ha`m usi bag`dardag`i islengen miynetleri

ha`m de sonday aq Prezidentimiz Sh.M. Mirzyoevtın` doklad materiallari, «Kadrlardi tayarlawdin` milliy bag`darlamasi », ««Bilimlendiriw haqqinda» nizam » materialları  bolip tabiladi ha`m  geografiyanin` tiykarg`i metodlari esaplang`an marshrut-ekspeditsiyaliq metodlari ha`m salistiriw metodlarinan paydalanildi. Jumisti orinlawda bul bag`dar boyinsha islengen iilmiy jumislardan biblioteka fondlarinin` jilliq esabatlarinan, Internet materiallarinan paydalanildi.

# 1-BAP. EKOLOGİYALIQ BILIMLERDIN` TİYKARG`I MAZMUNI.

Ta`biyiy ha`m sotsiallıq o`zgerislerdin` ko`p bolıwı ha`m olardın` du`nyag`a taralıwı insaniyattı, onın` keleshekte tirishilik etiw mu`mkinshiligi tuwralı oylandırmay qoymaydı. Ha`zirgi da`wirde insaniyat aldında turg`an baslı wazıypa ekologiyalıq ma`selelerdi sheshiwdin` qolaylı jolların tabıw bolıp tabıladı.

Bu`gingi ku`ni ekologiyalıq keskinlesiwdin` tiykarg`ı sebeplerinin` biri bolıp ja`miyettin` ekologiyalıq ma`deniyatının` to`menligi sebepli dep isenim menen aytıwg`a boladı.

Ha`zirgi da`wirdegi ekologiyalıq jag`day ja`miyettin`, insannın` o`mir su`riwi ortasına degen qarım – qatnasına basqasha qarawg`a ma`jbu`r etti. Ekologiyalıq ma`seleler insanlardın` ta`biyiy ortag`a degen ratsional emes qarım–qatnasının` na`tiyjesi retinde payda boldı. Endi ekologiyalıq apattan qalay qutılıw yamyasa onı bastan o`tkeriw tuwralı emes, al onın` texnogenlik ha`m ekologiyalıq – ma`deniy saldarın qalay jen`illetiwge boladı degen suraw payda boldı.

Ma`deniyat o`zinin` rawajlanıw barısında belgili bir ma`niste o`zi ma`selelerdi payda etti ha`m sol ma`selelerdi sheshiw ushın biz ha`zir ma`deniyatqa ju`ginemiz.

Yan Shepan`skiydin` aytıwınsha: «Urpaqtan – urpaqqa beriletug`ın belgili bir ideyalar boladı. Bul ideyalar menen qunlılıqlar dizimi baylanıslı. Olar individler menen topardın` is - ha`reketi, minez – qulqın, qabıllaw ha`m oylaw usılın anıqlaydı. Bulardın` barlıg`ı ma`deniyat dep ataladı»

Ma`deniyat ekologiyası terminin da`slep ilimiy tu`sinikke kirgizgen D. S. Lixachevtın` pikirinshe joqarı etikalıq–ruwxıylıqtı ashatug`ın ekologiyalıq ma`deniyat haqqındag`ı ma`selelerdi izertlewdi talap etedi. Ol ekologiyalıq dag`darısqa qa`wip tuwdıratug`ın tek sırtqı ortanın` pataslanıwı g`ana emes, sonın` menen bir qatarda insannın` ishki du`nyasının`, ma`deniyatının`,

sanasının` pataslanıwı da ekologiyalıq qa`wipti quraydı degen alımnın` oyına qosılıwg`a boladı degen bahalı pikirdi aytadı.

Eger «ma`deniyat» tu`siniginin` baslanıwlarına ko`z ju`girtsek, insannın` ta`biyatqa qatnası udayı tu`rde ma`deniyat penen «paydalanılıp» otırdı. Onday qatnastın` da`slepki tiykarı retinde ja`miyettin` a`piwayı za`ru`rlikleri boldı, al ta`biyattı insan o`zinin` talapların qanaatlandırıwdın` usılı retinde qabılladı. Ja`miyet ta`biyattı «qudaylandırıp», onın` menen «dialogqa» tu`siwge tırıstı. İnsanlar tiykarınan ta`biyattın` bir pu`tinligin, o`zinin` ta`biyat penen baylanısının` u`zilmeytug`ınlıg`ın jaqsı seze bildi ha`m qabıllawshı ma`deniyattan o`ndiriwshi ma`deniyatqa o`tiw arqalı sotsiallıq- ma`deniy ekspansiyanın` rıchagı arqalı ta`biyat penen baylanısın ku`sheytti.

Ekologiyalıq ma`deniyat kompleks tu`sinik retinde ta`biyattı tanıp biliw, paydalanıw ha`m jan`artıw is – ha`reket tu`rlerinin` ma`deniyatı menen baylanıslı. Al jeke insannın` ekologiyalıq ma`deniyatı degenimiz – ta`biyattı hu`rmetlewge, qorg`awg`a qaratılg`an bilimi, iskerligi ha`m onı ju`zege asırwı. Yag`niy ekologiyalıq ma`deniyattı qa`liplestiriwdin` maqseti – insan – ja`miyet – ta`biyat dizimine sa`ykeslik ornatıw, ta`biyiy ortalıqtı saqlaw, ko`beytiw, u`nemli paydalanıw, juwapkershilik sezimin arttırıw. Ekologiyalıq ma`deniyat bul – insanlardın` ta`biyattı qabıllaw da`rejesi ha`m a`lemdegi o`zinin` ornın bahalawı, insannın` du`nyag`a degen qarım – qatnası.

«Ekologiyalıq ma`deniyat» tu`siniginin` genezisin qarastırsaq, da`slep termin sotsiallıq qarım–qatnaslardın` belgili bir tu`rin belgileytug`ın, anıg`ıraq aytqanda ja`miyet penen ta`biyat arasındag`ı qatnastı ko`rsetetug`ın ta`biyattın` birtutas bo`limin bildiredi.

Bul tu`sinikke birneshe izertlewshiler birin –biri tolıqtıratug`ın ha`r qıylı anıqlama beredi:

V. Mejjerin ekologiyalıq ma`deniyattı ilim, texnologiya, din, filosofiya, astrologiya, a`debiyat, iskusstvo barlıg`ı birge insan o`mirinin` obrazın jasag`anlıg`ın fakt retinde qarastıradı. Ol arqalı haqıyqıy du`nya menen o`zara baylanıstı ornata otırıp, insan o`zine qa`biletliliktin`, iykemliliktin` joqarg`ı

forması retinde qarastırıwg`a bolatug`ın jag`dayın ta`miyin etedi. Bul degenimiz Jer planetasındag`ı ekologiyalıq insannın` payda bolıwın bildiredi.

S.N. Glazachev quramına ekologiyalıq is–ha`rekettin` motivatsiyası, ekologiyalıq bilim ha`m ta`biyattı saqlaw, onı qorg`ay alıwg`a kiretug`ın ekologiyalıq ma`deniyattın` tiykarın isendiriw, ekologiyalıq sana quraydı dep esaplaydı.

Yu.L. Xotuntsev ekologiyalıq bilim fenomeninin` strukturalıq bo`liniwin usınadı. Onın` ko`z qarası boyınsha ta`biyattın` saqlanıwın qarastıratug`ın, sonın` menen sha`rtli tu`rde insaniyat is–ha`reketi usılının` jıyındısı dep ko`rsetedi, ol to`mendegilerdi o`z ishine aladı: ta`biyat turmıstın` ha`m go`zzallıqtın` baslanıwı bolıp esaplanatug`ınlıg`ın tu`siniw, onı asırawg`a degen juwapkershilik, gez kelgen is–ha`reket, hızmet tu`rin qorshag`an ortanı ha`m insan densawlıg`ın qorg`aw menen salıstıra biliw qa`bileti, ta`biyattı qorg`aw is–ha`reketine, hızmetine qızıg`ıwshılıq oyatıw ha`m onı a`melge asırıw bolıp tabıladı.

A.O. Lagutinnin` pikiri boyınsha ekologiyalıq bilimnin`– maqseti insan ja`miyetinin` ta`biyiy–sotsiallıq potentsialın rawajlandırıw menen saqlaw, ja`miyettin` turaqlı ekologiyalıq ken`isligin qa`liplestiriw bolıp esaplanatug`ın ashıq joqarı bahalı du`zilislerdin` dinamikalıq dizimi. Ulıwma ekologiyalıq ma`deniyat tu`sinigi ha`zirgi kezde ta`biyatqa degen juwapkershilikli qarım – qatnastı, ta`biyattı bahalawdı bildiretug`ın da`slepki ma`nisine qayta oraladı. Ta`biyat o`z ara ha`rekettin` ten` huqıqlı joldası retinde qaraladı, al ekologiyalıq bilim bolsa insaniyat ma`deniyatın quraytug`ın sotsiallıq toparlıq ha`m jeke da`rejede belgilenedi. Ekologiyalıq bilim sotsiallıq da`rejede noosfera jasaw usılın basqarıwdı a`melge asıratug`ın, qorshag`an ortag`a baylanıslı insaniyattın` is – ha`reketi arqalı ko`rinedi. Toparlıq da`rejede ekologiyalıq bilim o`zine, basqalarg`a, ta`biyatqa baylanıslı insaniyatlıq egoizmdi iyelewge ta`sirin tiygizedi, shaxs aralıq baylanıslı qa`liplesiwinin` iske asatug`ın basqasha mexanizmlerine o`tiwge mu`mkinshilik beredi, al olar arqalı rawajlanıwdın` evolyutsiyalıq formasına o`tiwge mu`mkinshilik jaratadı.

Ekologiyalıq bilim – bul insannın` ta`biyatqa ta`sirinin` sotsiallıq ha`reketinin` jıyındısı, ekologiyalıq bilim menen ta`rbiya beriwdin` dizimi. Qa`liplesken jag`dayda tek usı arqalı g`ana ja`miyet penen ta`biyiy ortanın` ten` salmaqlıg`ın saqlaw mu`mkin boladı.

İlimde gez–kelgen qubılıs onın` rawajlanıwının` dialektikası arqalı qarastırılıw kerek degen tu`sinik bar, yag`niy qalay payda boldı, o`zinin` evolyutsiyası barısında qanday da`wirlerden o`tti, o`zgerislerdin` bolıwına ne sebep boldı ha`m ha`m tag`ıda basqalar.

İnsan men ta`biyat qarım–qatnasının` tariyxıy rawajlanıwının` da`slepki da`wiri arxaikalıq da`wir boldı. Bul da`wirde insan ta`biyattın` barlıq nızamlıqtarına bag`ınıp, onın` menen ajıralmas birlikte boldı. Usı waqıtta ja`miyet ta`biyattı o`zinin` talaplarına emes, kerisinshe ja`miyet ta`biyatqa beyimlesti. Bul da`wirdin` ekologiyalıq sanasının` o`zgeshelikleri mifler diziminin` analizi arqalı ko`rinis taba aladı.

Anıq miflik (a`psanalıq) shıg`armashılıqta alg`ashqı qa`wimlik insan o`zin ta`biyiy ortadan bo`liwge ha`m ta`biyatqa o`zinin` ta`jireybelik qarım–qatnasın ko`rsetkisi keldi. Miflik sanada alg`ashqı insan men topardın`, insan menen ta`biyattın` birligi ko`rinis tabadı. Sonın` menen, alg`ashqı insan o`zin ta`biyattın` bir bo`lshegi retinde qarastıradı.

Waqıttın` o`tiwi menen insaniyat ja`miyetinin` rawajlanıw barısında insan ta`biyatqa fizikalıq g`a`rezsiz bola baslag`annan keyin, insan ta`biyattan alıslay baslaydı. Ta`biyat insang`a qarsı qoyılg`an, og`an g`a`rezsiz retinde qabıllanadı. Bul ta`biyattan alıslaw da`wiri birneshe da`wirden o`tedi.

Birinshi da`wirde ta`biyatqa degen qarım–qatnas a`ste aqırın o`zgere baslaydı. Geybir avtorlar miftin` dialektikalıq qarama–qayshılıg`ının` ma`nisi, o`zin ta`biyat penen bir dep tu`siniwi menen bir qatar,  qiyal, oy ju`zinde ta`biyat ku`shlerin bag`ındırıwdı o`z ishine alg`anlıg`ın atap o`tedi. Bunday ta`biyat ku`shlerin oy ju`zinde bag`ındırıwda keyingi o`ndirislik rawajlanıwdı ko`rsetetug`ın ha`m qiyaldı ta`jireybelik penen a`melge asırıwdı quraytug`ın revolyutsiyalıq tiykar boldı. Bul alg`ashqı qa`wimlik turmıstın` tamamlanıwı

menen ruwxtı ta`biyattan ajıratıwdın` baslamasın bildirdi. Usı da`wirde insan ta`biyat qubılısların tu`siniwge tırısadı. Bul a`lemdegi bolıp atırg`an barlıq na`rseni basqaratug`ın basqa du`nyalıq ruwxlar bar degen ko`z qarastın` qa`liplesiwine sebepshi boldı. Ja`miyettin` rawajlanıwının` bul da`wirinde ta`biyatqa qarım– qatnas magiyalıq da`stu`rlerdin` tolıq dizimi retindegi insan sanasında ko`rinis tabadı. Endigi gezekte ta`biyat penen o`z ara qarım–qatnas g`ana emes, arnawlı rituallar arqalı insang`a ko`meklesetug`ın, sonın` menen qosa ziyan keltiretug`ın ruwxlar du`nyası menen qarım–qatnas ornatıw baslı ma`sele bola basladı. Da`slepki a`lem ma`deniyatında ta`biyat ku`shlerine bas iyiw menen qatar insannın` bo`lshekleniwi ha`m o`zin joqarı qoyıw tuwralı ideya payda boladı. Egipet qudayları panteonında o`zgeshe ma`deniy plastlar qarastırıladı: qudaylar–janıwarlar; qudaylar–jartı insanlar; insan denesindegi qudaylar. Ol gezde bilim tek g`ana ayırım insanlarda g`ana boladı, al ko`pshiliktin` u`lesinde ta`biyatqa jasalg`an da`slepki baqlawlardan u`zilip alıng`an tek rituallar bolg`an. «Ayawshılıq tipindegi» sharwashılıqtı ju`rgiziw menen qatar, da`slepki ma`deniyat ta`biyattı, o`nerdi tamashalay bilgen.

Ta`biyattan alıslawda qonısshılıq turmısqa o`tiw u`lken rol oynadı. Otırıqshılıqqa o`tiwge, sotsiallıq baylanıslardın` quramalasıwına baylanıslı aqırınlap insannın` ta`biyatqa degen qarım–qatnası o`zgeredi, bul sotsiallıq – ma`deniy bahalılıqlar dizimi menen bekkemlenedi.

İnsannın` ta`biyattan alıslawının` kelesi da`wiri antika da`wiri menen baylanıslı. Bul da`wirge qorshag`an ortadag`ı bolıp atırg`an qubılıslardı tu`siniwge umtılıw, insannın` a`lemdegi iyeleytug`ın ornın anıqlaw ta`n boldı. Ta`biyattın` nızamlıqların saqlay otırıp, maqsetke jetiw mu`mkinshiligi tuwralı alg`ashqı ret ko`z qaras qa`liplesti. Ta`biyattın` nızamlıqları boyınsha ju`riw ushın onı izertlew kerek boldı.

So`ytip, antik zamanında insan menen ta`biyattın` qarama–qarsılıg`ın ku`sheytetug`ın faktor –ta`biyattı ilim ko`z qarasınan tu`siniw boldı, bunda ta`biyat izertlewdin` obekti boldı.

İnsannın` ta`biyattan alıslawının`, onın` ta`biyiy ortadan «bo`liniwinin`» ushınshi da`wiri monoteislik dinlerdin` payda bolıwı menen baylanıslı. Din insandı joqarıg`a, a`lemnin` shın`ına qoya otıra, ta`biyiy ob`ektlerdi qabıllawın o`zgertti. Ta`biyat ha`m ta`biyiy orta o`zinin` qunlılıqlarınan ayırıladı, eger ol insang`a paydalı bolsa g`ana qunlı boldı.

Ta`biyattı insang`a g`a`rezsiz, og`an qarama–qarsı retinde qabıllaw jan`a zaman da`wirinde boladı. İnsan ta`biyattın` hu`kimshisi retinde qarastırıladı. Qorshag`an orta insang`a, onı bag`ındırıp, texnikalıq ta`sir etiwdin` ob`ektisine, tawsılmaytug`ın resurslar deregine aynaldırıw kerek bolg`an, qarama–qarsı faktor retinde boldı. Jan`a zamanda ta`biyat insannın` tilegin orınlawshı retinde qaraladı ha`m onı bag`ındırıwdag`ı jetiskenlikler ta`biyattın` ku`shlerin jen`iw dep tu`sinildi. İnsannın` ta`biyatqa sheksiz biyligin filosofiya klassiklerinin` miynetlerinen F. Bekonnan baslap L. Feyerbaxqa deyin tabıwg`a boladı.

Mısalı, P. Gol`bax ta`biyiy ortanı bizge ko`rinetin zatlardı o`ndiriw ha`m ha`reket etiw ushın kereginin` barlıg`ın qamtıytug`ın u`lken ustaxana retinde qarawg`a shaqırdı.

Dekart biz qol o`nermentshilerdin` ka`sibin biletug`ınımız siyaqlı, ottın`, juldızdın`, suwdın`, hawanın`, aspannın`, yag`niy bizdi qorshag`an denelerdin` barlıg`ının` ta`sirin ha`m ku`shin bile otırıp, solardın` ko`megi menen «a`meliyatlıq» filosofiyanı jasaw tuwralı aytadı. Sol bilimlerdi barlıg`ına qollana alatug`ınlıg`ımızdı ha`m ta`biyattın` iyesi bola alatug`ınımız tuwralı atap ko`rsetedi.

M. Xaydegger ha`zirgi ekologiyalıq awhaldı payda etip otırg`an tiykarg`ı sebepshilerdin` biri texnikag`a ha`r ta`repleme analiz berdi. Ol texnikanı insannın` is–ha`reketi, ha`m onın` quralı dep qarawdan bas tartıp, texnikanı ta`biyiy zatlarda jasırın qalg`an sırlardın` ashılıw tu`ri dep biledi. Mashinanı oylap tabıw arqalı insan ta`biyattın` jasırın ku`shin, sırın ashadı, so`ytip, onı o`zine xızmet etiwge ma`jbu`r etedi.

İnsan texnikanı du`nyag`a a`keliwshi, jaratıwshı bolg`anı menen o`zi de sonın` ortasında qalıp otır. «Texnika o`z–o`zinen qa`wipli emes. Xesh qanday

da texnikalıq siyqırlıq joq, biraq texnikanın` ma`nislik, bolmıslıq sırı bar ekeni ras.

A. Xuning texnikanı insannın` turmıs penen biylikke degen umtılısınan payda bolg`an du`nya dep qaraydı. Onın` oyınsha insan janı menen insaniyat ruwxı texnikanın` rawajlanıwınan qalmay, onnan da artıq rawajlanıwı kerek dep jazadı. Solay islegende g`ana insan texnikalıq jan`alıqlarg`a tayın boladı. Tek solay bolg`anda g`ana insan ekologiyalıq ma`selelerdi sheshe alatug`ınday jag`dayg`a jetedi, o`z urpag`ının` jarqın keleshegin ta`miyin etedi.

Ta`biyattın` tiykarg`ı xızmeti insannın` ku`n qu`nnen o`sip atırg`an talapların qanaatlandırıwshı passivli ta`rep retinde qabıllana basladı. Bu`gingi ku`ni insan menen ta`biyat arasındag`ı qarım–qatnas ha`m ekologiyalıq keskinlesiwdin` bolıwın evropalıq sanaattın` rawajlanıw o`zgesheliklerinen izlew kerek degen pikir menen kelisiwge boladı. Rus ekologi D.V.Afinogenovtın` pikirinshe ol o`zgeshelikler to`mendegi pikirlerde o`z ko`rinisin tabadı:

▪Ta`biyat insan ushın jaratılg`an, insan onın` iyesi bolıp tabıladı.

▪Ta`biyat ishki morallıq bahalıqlardan jurday, tek insan g`ana og`an ma`ni, mazmun bere aladı.

▪Ta`biyat insan menen jetilisiwi kerek ha`m jan`artılg`an ko`rinisinde insannın` jerdegi tabısının`, jen`isinin` guwası bolıwı kerek.

Ulıwmalamay bazar xojalıg`ı–tutınıw ideallarının` ma`deniyatındag`ı basım ma`deniy bahalılıqlardın` shkalasın pu`tkilley o`zgertti. Ta`biyattı tiykarınan tawsılmaytug`ın g`a`ziyn retinde qarastıra basladı. Eger onda bir na`rse jetispese, sog`an ılayıqlı texnikalıq jobalar payda boldı, olardın` iske asırılıwı qorshag`an ortag`a ziyanlı ta`sirlerdin` bolıwına qaramastan ju`zege asırıldı. İnsanlar o`zlerinin` is – ha`reketinin` na`tiyjesi tuwralı endi g`ana, texnogenlik ma`deniyattın` jan`a jetiskenliklerinin` saldarı aymaqlıq ha`m du`nyalıq shen`berde bolg`anda g`ana oylana basladı. Texnika menen texnologiyag`a tiykarlang`an materiallıq ma`deniyat tek o`ndirislik is –

ha`reketti g`ana emes sonın` menen qatar ekologiyalıqqa ziyan keltiretug`ın, insandı injenerlik, texnologiyalıq oylau stiline bag`darladı. Onday stil` ta`biyat ob`ektlerin izertlewde, qorshag`an ortanı texnogenlik sferag`a qayta qurıwda paydalı boldı, biraq ol tirishiliktin` qaytalanbaytug`ınlıg`ın, onın` birdeyligin tu`siniwge mu`mkinshilik bermedi. Onday oylau dizimi Jan`a zaman da`wirinde qa`liplesti. Ol ma`deniyattın` texnogenlik tipinin` jasalıwın qarastırdı, onda ta`biyatqa ten` huqıqlı, jetilisken sub`ekt emes, ekspansiya ob`ektinin` roli berildi.

Uzaq waqıt dawamında insaniyat ta`biyattı sheksiz paydalana beriwge boladı dep oyladı ha`m ol insang`a paydalanıw ushın berilgen degen ko`z qarasta boldı. Ta`biyat resursların jo`nsiz, olar tausılmaytug`ınday paydalandı. Birneshe waqıtqa deyin bul a`detler, radikallı ekologiyalıq dag`darısqa a`kelmegenlikten salıstırmalı tu`rde og`ada a`hmiyetli emes bolıp esaplandı. Usıg`an baylanıslı ekologiyalıq ko`z qarası, sanası rawajlang`an ja`miyet qa`liplestiriw kerekligin tu`sindi.

Ekologoliyalıq sananın` ekotsentrlik tipi bul –insannın` o`zin ta`biyiy ortanın` bir bo`limi retinde esaplaw ha`m qorshag`an ortanın` saqlanıwına bag`darlawg`a ta`n bolg`an insannın` ko`z qaraslar dizimi bolıp tabıladı.

Ekologiyalıq sana dep, quramalı a`hmiyetli dizim ko`rinisinde, ta`biyiy resurslardı paydalanıw, qayta qurıwg`a baylanıslı insanlardın` bir – birine ha`m qorshag`an ortag`a qarım – qatnası tu`siniledi.

XX a`sirdin` ekinshi yarımınan baslap ruwxıy ma`deniyattın` jag`dayı qa`wip tuwg`ıza basladı. A. Pechchey «insaniyattın` aldında onın` evolyutsiyasının` o`tken etapındag`ı ma`selenin` mazmunı insanlar usı a`lemge o`zleri a`kelgen o`zgerislerge say o`zlerinin` ma`deniyatın iykemlestire almawında. Ekologiyalıq ma`selelerdi sheshiw en` aldı menen insannın` ishki bolmısının`, insannın` o`zinin` o`zgeriwinen baslanıw kerek» degen pikirdi aytqan edi.

Ekologiyalıq gumanizm o`zinin` rawajlanıwında o`zının` ta`sir etiw ken`isligin ku`sheyte otırıp, ekologiyalıq ideologiyag`a aynaladı, onın` tiykarınde ekologiyalıq ma`deniyat qa`liplesedi.

Ekologiyalıq ideologiya - bul o`mir ideologiyası, insan menen ta`biyat arasındag`ı qarım qanasıqlar ideologiyası. Ba`rinen burın bul insaniyat xızmetinin` barlıq salasında ta`biyiy ortanın` og`an engizilgen o`zgerislerge degen reaktsiyasın esapqa alıw.

Ruwxıylıq ma`deniyattın` barlıq salaları o`zgere otırıp ekologiyalıq ma`deniyattı jasawg`a u`les qosa aladı. Tariyxta ruwxıy ma`deniyattın` birinshi salası ko`rinbeytug`ın ma`deniyat – mistika boldı. Ha`zirgi ekologiyalıq jag`dayda aktual ma`sele bola baslag`an ekologiyalıq apattın` qa`wipliligi insannın` ta`biyat ku`shleri aldındag`ı ha`lsizligin tabıw jolındag`ı mistikalıq ko`zqarastın` teren`leniwine mu`mkinshilik tuwg`ızdı.

Ja`miyetlik sananı ekologiyalastırıw a`detin bir neshe basqıshqa bo`lip qarastırıwg`a boladı: birinshiden, insannın` ta`biyatqa qarım–qatnasın ha`r tu`rli sezim formasında ko`rsetiwi (nemquraylılıq, qorqıw, shawqım shıg`arıw h.t.b); ekinshiden, ekologiyalıq ma`selege og`ada qızıg`ıwshılıq penen qaraw (biosferadag`ı evolyutsiyalıq o`zgerislerdin` ma`nisin ko`rsetiw, onın` bir pu`tinligin, determinatsiyasın ko`rsetiw); u`shinshiden, ta`biyiy qubılıslardı tu`siniwden sotsiallıq is-ha`reketke o`tiw, paydalı is-ha`rketke o`tiw; to`rtinshiden, insannın` ta`biyatqa baylanıslı juwapkershilik da`rejesinin` joqarılawı, ku`ndelikti o`mir barısında ko`rinis tabatın ekologiyalıq sananın` tulg`anın` ishki ma`deniyatının` elementi retinde bolıwı. Bul aspektide ekologiyalıq sana men ekologiyalıq ma`deniyattın` da`rejesi bul – ja`miyettin` ta`biyattı sotsiallıq mazmunlı xızmetke, onın` rawajlanıwın a`meliy paydalanıw tiykarında qanshama teren` ha`m ha`r ta`repleme ko`rsetkishi bolıp tabıladı.

Ha`zirgi da`wirde awır ekologiyalıq keskinlesiwge texnokratiyalıq tsvilizatsiyanın` jolın tan`lag`an ha`m sol mu`mkinshilikler arqalı ondag`ı bar, biraq kerekli da`rejede talap etilmegen sotsiallıq – ma`deniy rawajlanıwdı

sezbegen insan gu`nalı. Aqırında ha`zirgi insan o`zi basqarıp otırg`an ta`biyiy baylıqtı nag`ız, o`zinin` baylıqları dep esaplaydı ha`m olardın` insaniyattı, ja`miyetti, ta`biyattı jarlılandıra otırıp, shının` menen sotsiallıq – ma`deniyatlıq baylıqlardın` deval`vatsiyasına (bahasızlanıwına) alıp keletug`ınlıg`ın sezbeydi.

Ma`deniyat insan turmısının` iske asırılıwının` quralı bolıp g`ana qoymay, sonın` menen birge onın` rawajlanıwının` faktorı da boladı. İnsan a`lem menen ha`m barlıq na`rseler menen tikkeley emes, ma`deniyat arqalı o`z ara ha`reketlesedi.

Pu`tkil a`lemlik ja`miyet integratsiyası protsessinde ma`deniyattın` ekologiyalıq funktsiyaları ayrıqsha mazmung`a iye boldı. Ma`deniyat mazmunına, bag`ıtına qaray xalıqlardı jaqınlastıra otırıp, bir – birine jat ta qıla aladı. Ha`zirgi da`wirde insaniyattın` o`mir su`riwi ko`binese, o`zinde milliy ma`deniyat penen ulıwma insaniyatlıq baylıqlardı baylanıstıratug`ın birdey sotsiallıq – ma`deniy ken`isliktin` qa`liplesiwine baylanıslı.

Ekologiyalıq ma`deniyat bilim beriwdin` barlıq salalarına engiziliwi kerek ha`m xalıqtın` barlıq toparın o`z ishine qamtıwı za`ru`r. Ol ja`miyettin` ta`biyat penen ten`dey da`rejeni uslay alıw qa`bileti retinde rawajlanıwı kerek. Ko`plegen alımlar menen qa`nigelerdin` oyınsha ekologiyalıq dag`darıstı tek ekologiyalıq ma`deniyattın` tiykarında g`ana sheshiwge boladı, onın` negizgi mazmunı insan menen ta`biyiy ortanın` birge sa`ykes tu`rde rawajlanıwı, sonday – aq qorshag`an ortag`a tek materiallıq g`ana emes, sonın` menen birge ruwxıy baylıq retinde qaraw og`ada a`hmiyetli ma`sele boladı.

Ekologiyalıq bilimlerdi qa`liplestiriw insaniyattın` wazıypası bolıp tabıladı, usıg`an baylanıslı keshiktiriwge bolmaytug`ın ma`sele elimizdegi ta`biyattı qorg`awg`a bag`darlang`an nızamlardın` zaman talaplarına say dizimin qa`liplestiriw, yag`nıy nızamdı ku`sheytiw lazım. Sonlıqtan, ekonomikadag`ı siyaqlı ekologiyada da aldı menen o`z ku`shimizge, ponetsialımızg`a tiykarlanıwımızg`a tuwrı keledi. Ha`zirgi ku`nde bul ma`selede Respublikamız prezidenti Sh.M.Mirzyoevtin` tikkeley

basshılıg`ında ekologiyalıq ma`selelerge tikkeley baylanıslı bir neshe qararlar qabıl etildi. Respublikada atqarıw biyligi menen memlekettin` o`z puxaraları aldında olardın` o`sip-rawajlanıwı, talapqa muwapıq turmıs keshiriw ushın juwapkershilik dizimi endi–endi qa`liplesip atır.

O`zbekistan g`a`rezsizlik alg`annan baslap o`zinin` statusın ha`r ta`repleme ha`m belsendi tu`rde ko`tere basladı, ekologiyalıq jag`dayg`a ko`p ko`wil bo`le basladı. O`zbekistan Respublikasının` birinshi Prezidenti, ko`rnekli siyasatshı İslam Karimov joqarı minberlerda region shen`berinen a`lle qashan shıg`ıp u`lgergen Aral apatshılıg`ı aqıbetlerin saplastırıw boyınsha na`tiyjeli sharalar ko`riw a`hmiyetliligin bir neshe bar eskertken edi. Atap aytqanda, O`zbekistan g`a`rezsizlikke eriskennen son`, Araldı qutqarıw xalıq aralıq jamg`armasın sho`lkemlestiriw initsiatorlarının` biri boldı. Ma`mleketimizdin` birinshi basshısı usı ma`seleni da`slep 1993 jıl 28 sentyabr` kuni BMSh Bosh Assambleyasının` 48-sessiyasında ko`terip shıqqan ha`m ja`ha`n ja`miyetshiligi tibarın Aral tengizi mashqalasına qaratgan edi. Bunnan tısqarı, Birinshi Prezidentimiz 2000 jıl 8 sentyabr` ku`ni BMSh nın` Mın`jıllıq sammitinde BMSh nın` Qorshag`an ortalıq boyınsha da`stu`ri shafeliginde Aral ten`izi ha`m Aral boyı mashqalaları boyınsha ken`esin sho`lkemlestiriw baslamasın ilgeri su`rdi. Xalıqtın` ta`biyiy ortanı qorg`awg`a belsene qatnasıwı kerek ekenligin tu`sinbegeninshe salıng`an ku`sh ku`tiletug`ın na`tiyje bermeydi. Ekologiyalıq bilimnin` qa`liplesiw protsesinde ma`mleket, ma`mleketlik siyasat qorshag`an ortanı qorg`aw salasında u`lken rol oynaydı. Ma`mleket ekologiyalıq siyasattın` sub`ekti retinde qorshag`an ortanı qorg`awdı ta`miyinlew kerek.

Joqarı ma`deniyatlı ellerde ekologiyalıq taza emes tutınıw tovarlarınan xalıqtı qorg`aw isine u`lken a`hmiyet beriledi. Bazardın` bir dizimi dag`aza esaplanıp ziyanlı o`nimlerdi propagandalawdan awlaq bolıwı tiyis. Mısalı ekologiyalıq jag`ınan qa`wipsiz o`nim o`ndiriw tuwralı o`tinishti tekseriw, tutınıw materialları haqqında son`g`ı ko`rsetkishlerdi paydalanıp, ju`rgizilgen

salıstırmalı tekseriwdin` na`tiyjelerin ko`pshilikke xabarlap otırıw kerek. Bul haqqında BMSh – nın` qorshag`an orta haqqındag`ı komissiyasının` «Ekonomikası o`tpeli da`wirdegi ellerdegi ta`biyattı qorg`aw xızmetin kompleksli basqarıwdın` basshılıqqa alar printsipleri» atamasındag`ı hu`jjette bılay delingen «Ekonomikalıq jumıs penen shug`ıllanatug`ın sub`ektlerdin` do`gereginde olardı o`ndiristin` ekologiyalıq jaqtan taza o`ndiriwge ma`jbu`r etetug`ın belgili da`rejede perspektivalı ja`miyetlik pikir qa`liplestiriw maqsetinde, ekologiyalıq toparlar menen tutınıwshılar assotsiatsiyalarına xalıqtı xabardar etiwdi jaqsartıw haqqındag`ı usınıstı qollap otırıw kerek. Bul ushın nızamlarda hu`kimetlik emes sho`lkemlerge anın` nızamlı huqıqlar beriw kerek.

İnsaniyat tariyxının` rawajlanıwı, ilimiy – texnikalıq iskerliktin` jedellesiwi ja`miyet penen ta`biyat arasındag`ı o`z ara qatnastı ne barınsha quramalastırıp, a`lemnin` ekologiyalıq baylanısının` shıntlap buzılıwına alıp keldi. İnsaniyattın` ilimiy–texnikalıq progress jolında rawajlanıwı insan menen ta`biyat arasındag`ı o`z ara qarım–qatnastı o`zgertti. İnsandı ta`biyiy ortalıqqa qarama–qarsı qoyatug`ın, insan menen qorshag`an ortanın` ta`biyiy baylanısının` buzılıwı orın aldı. İnsan is–ha`reketinin` qorshag`an ortalıqqa ta`sirinen ta`biyiy ortalıq qayta tikleniw mu`mkinshiliginen ayırıla basladı.

Barlıg`ımızg`a belgili, ilimiy–texnikalıq progrestin` qolaylı ta`repleri menen birge qolaysız ta`replericde boladı:

- ta`biyiy ortag`a jag`ımsız antropogendik ta`sir, insan o`mirinin` ekologiyalıq jag`dayının` nasharlauı;
- ta`biyiy resurs shıg`ınlarının` ko`beyiwi;
- insaniyat tsivilizatsiyana qa`wipli bolg`an qurallardı islep shıg`arıw;
- sanaatı–rawajlang`an ha`m rawajlanıp atırg`an eller arasındag`ı sotsiallıq–ekonomikalıq rawajlanıw da`rejesindegi ten`sizliktin` ku`sheyiwi.

A`sirese, bu`gingi ekologiyalıq sharayattın` keskinlesiwi pu`tkil du`nyag`a qa`wip tuwdırıp turg`anı barlıg`ımızg`a da belgili. A`sirler boyı insan balası o`zin ta`biyattın` iyesi, biylewshisi retinde sezinip, onnan o`zine kerekli

bolg`an barlıq zattı aldı. Biraq og`an keltirilgen ziyannın` ornın toltırıwg`a, kerek gezinde g`amqorlıq jasawg`a a`detlenbedi. Ekologiyalıq ta`rbiya beriw– insaniyat balasının` ha`r bir is–ha`reketine shek qoya otırıp, ekologiyalıq jag`daydı jaqsılawdın` birden– bir jolı. Usıg`an baylanıslı «O`zbekistan Respublikasında ulıwma bilim beretug`ın mekteplerdin` ulıwma bilim mazmunının` kontseptsiyasında» beriletug`ın pa`nler mazmunın ekologiyalıq ha`m sotsiallıq a`hmiyeti bar faktorlar menen tolıqtırıw arqalı usı protsessti ju`zege asırıw kerekligi aytılg`an. İlimiy–texnikalıq rawajlanıw da`wirinde barlıq insaniyat aldında turg`an quramalı wazıypalardın` biri– bizin` turmıs keshirip, ku`ndelikti tirishiligimizge qollanıp otırg`an ta`biyattı qorg`aw, saqlaw ha`m onın` sansız tu`rli baylıqların qoldan kelgeninshe orındı da uqıplı paydalanıw bolıp otır. Qorshag`an ortanı sheksiz iygeriwdin` sebebinen ta`biyat turaqlılıg`ı buzıldı, jer eroziyag`a ushıradı, suwdın` tazalıg`ı o`zgerdi, tiri organizmlerdin` sanı azaydı ha`m insan balasının` densawlıq jag`dayı o`zgerdi ha`m tag`ıda basqa

Ekologiyalıq bilimde adamgershiliktin` «altın rejesi» (o`zin`e ne tilesen`, basqag`a da sonı tile) ekologiyanın` «altın rejesine» (o`zin`e ne tilesen`, ta`biyatqa da sonı tile) aynaldı. Ekologiyalıq ma`deniyattı qa`liplestiriw ushın ta`biyiy ortalıq penen qosa ma`deniy ortanı da orınlı ha`m insangershilik talaplarg`a say qurıw kerek.

Bu`gingi ku`nde a`sirler boyı qa`liplesken ekologiyalıq sawatsızlıqtan ekologiyalıq ma`deniyatqa o`tiw qay jag`ınan bolsa da a`hmiyetli minnet bolıp tabıladı. Ekologiyalıq ma`deniyat tek ma`deniy esteliklerdi qorg`aw menen g`ana sheklenbeydi, ol tek ma`deniy saladag`ı «pataslanıwlar menen» gu`resiw jobaların qabıllaw menen juwmaqlanbaydı. Ma`deniyat ekologiyalıq qorg`aw funktsiyaları menen birge gumanislik «ma`deniyattı» paydalanıw talapların o`zine qosıp alıwı kerek.

Ta`biyattı qorg`aw ekologiyalıq biliminin` qarapayım, ha`m de a`hmiyetli sha`rti–usı jumıstag`ı to`mendegidey qıyınshılıqlardı sheshe biliwdi o`z ishine aladı:

1. ta`biyattı qorg`awdı tek qa`niygelestirilgen arnawlı sho`lkemlerdin` wazıypası dep esaplaw; shın ma`nisinde ekologiyalıq ma`seleler ulıwma, ja`miyetlik, ha`mmege birdey boladı.

2. Ekonomikalıq rawajlanıw maqsetlerin ekologiyalıq ma`selelerden bo`lek qarastırıw.

3. ta`biyattı qorg`aw nızamlarının` to`men da`rejesi, arnawlı mamandardın` jetispewshiligi.

Ha`zirgi ilimiy a`debiyatlarda ekologiyalıq ta`rbiyanın` to`mendegidey wazıypaları menen maqsetlerdi o`z ishine qamtıp alınıwına itibar beriledi:

1. insannın` qorshag`an ortag`a ta`siri ha`m onın` nızamlıqlarının` orınlanıwın anıqlaytug`ınday aldın`g`ı qatarlı oy, pikirler menen ilimiy dereklerdi qamtıwı;

2. ja`miyettin` materiallıq ha`m ku`shlerinin` aynası–ta`biyiy ha`m sotsiallıq ortanın` ha`r ta`repleme bay baylıqların tu`siniw;

3. ta`biyat baylıqların na`tiyjeli paydalanıw uqıplılıg`ın bilim, du`nya tanıw ma`selelerin men`geriwi, o`zinde qorshag`an ortalıqtın` jag`dayın bahalay biliw qa`biletin rawajlandırıw, ta`biyattı jaqsılawdın` ilajların qabıllaw, insan xızmetinin` ta`biyatqa tiygizer ziyanın aldın–ala boljay biliwi.

4. ta`biyatqa ziyan keltirmew bag`darındag`ı tiyisli rejelerdi sanalı tu`rde orınlap barıw;

5. ta`biyiy ha`m sotsiallıq ortalıqtı jaqsılaw xızmetin, ta`biyattı qorg`aw ideyaların jetilistiriw;

6. ta`biyiy ha`m sotsiallıq ortag`a degen juwapkershilik penen qarawdı qa`liplestiriw – ta`rbiyanın` quramalas bir bo`limi.

Ekologiyalıq qa`liplestiriw maqsetinde :

- ta`biyattı qorg`awg`a arnalg`an ilimiy oqıwlar menen konferentsiyalar o`tkiziw;
- ta`biyattı qorg`awg`a bag`darlang`an kesheler sho`lkemlestiriw;
- ilimiy – ko`pshilik a`debiyatlar ko`rgizbelerin sho`lkemlestiriw;
- ta`biyattı qorg`awg`a arnalg`an fil`mlerdi ko`rsetiw;

- ta`biyattı qorg`awdı jaqsılaw maqsetinde qadag`alaw jumısların tez-tez o`tkerip turıw.
- ekologiyalıq bag`dardag`ı ilimiy–izertlew jumısların tez-tez o`tkerip turıw, jaslardı ilim menen shug`ıllanıwg`a qızıqtırıw.
- oqıwshılar arasında ha`r qıylı su`wret konkursların o`tkeriw.
- ekologiyalıq tiykardag`ı oqıwshılar arasında tazalıq, azadalıq boyınsha «Azada klass, azada oqıwshı, en` sulıw maydansha» qusag`an konkurslar sho`lkemlestiriw.
- mekteplerde, joqarı oqıw orınlarının` ko`leminde ha`r qıylı ekologiyalıq bag`dardag`ı lagerler.
- mekemeler arasında, sonın` ishinde sanaat orınları arasında jıl sayın «en` ekologiyalıq taza» atlı konkurs o`tkeriw ha`m onı ma`mleket ta`repinen xoshemetlep, sonın` menen qatar sol mekemege salıqta ha`m ha`m tag`ıda basqa jen`illikler beriw.
- Azıq awqat o`ndirisinde «ekologiyalıq taza o`nim» nominatsiyasın sho`lkemlestiriw.

Ta`biyat–sulıwlıqtın` aynası. Sonlıqtan ol ta`rbiya beriwdin` en` mazmunlı qurallarının` biri bolıp sanaladı. Balanın` boyına iygilik penen insangershilikti payda etiwshi ta`biyattı qorg`aw sezimine ta`rbiyalaw tuwralı pedagog alım K.D. Ushinskiydin` «ta`biyattın` dawısın–dıbısın, u`nin ata–analar da, ja`miyet te, ta`rbiyashılar da, nızam shıg`arıwshılar da kewil qoyıp tın`lawı tiyis. Ta`biyat penen oshegisiw, og`an ziyan keltiriw jaqsılıqqa aparmaydı, insang`a tek onın` nızamlıqların biliw ha`m onın` ta`biyiy ku`shin paydalanıw g`ana qaldı» degen edi.

Ekologiyalıq mashqalalardı sheshiw ekologiyalıq taza texnologiyalardı engiziw menen, insanda ekologiyalıq ma`deniyattın` qa`liplesiwi menen baylanıslı. Ha`zirgi waqıtta tsvilizatsiya «xabarlıq», «texnogenlik», «komp`yuterlik» bolıp sıpatlanıladı. Usıg`an baylanıslı ja`miyet o`zinsheli jetkilikli tu`sinik bola almaydı ha`m og`an gumanislik sıpat ta`n emes, kerisinshe ol oy menen ma`deniyattı texnizatsiyalaydı.

Qa`liplesken ekologiyalıq ma`seleler – ja`miyettegi kelispeytug`ın unamsız jag`daylardın`, insannın` ishki dag`darısının` saldarı. Joqarı texnologiyalar a`leminde o`mir su`re otırıp, insan o`zinin` a`leminin` bir bo`lshegi ekenin sezine bermeydi, a`lemnin` bir bo`legi ekenligin umıtıp ketedi. Joqarı texnikalıq ja`miyette insang`a ta`biyiy ortalıq penen qarım–qatnas jasawı qiyınshılıqqa tu`sedi, al bul mu`mkinshiliktin` bolmawı insandı jalg`ızlıqqa a`keledi. Ekologiyalıq ja`miyetshilik–insannın` tulg`a retindegi ta`rbiyalılıq imperativlerin qarastırıw kerek.

Son`g`ı jılları ko`plegen ellerde moral`lıq sananın` ekologizatsiyası orın aldı ha`m bahalıq bag`ıtlar o`zgerdi. İnsan–ja`miyet–ta`biyat qarım– qatnası salasındag`ı moral`lıq normalar menen minez–qulıq ta`rbiyalılıg`ı ekologiyalıq etikanın` tiykarı boladı. İnsannın` qorshag`an ortalıqqa degen qarım–qatnasındag`ı ta`rbiyalılıq pozitsiyası gumanislik bolıw kerek, onın` tiykarında insan iygiliginin` basım bolıwı menen qatar ta`biyattın` iygiligi de bolıw kerek.

Ekologiyalıq bilimniń rawajlanıw jag`dayında ekologiyalıq sananın` mazmunı u`lken. O`zbekistannın` ekologiyalıq dag`darıstan shıg`ıwının` mazmunı jo`nelislerinin` biri, turaqlı rawajlanıw jolı menen ju`re otırıp, mazmunı, maqseti insanlardın` ekologiyalıq bilimin, ekologiyalıq ma`deniyatın, ekologiyalıq ta`rbiyasın rawajlandırıw bolıp keletug`ın ekologiyalıq– ag`artıwshılıq bolıp tabıladı, ondag`ı baslı maqset ja`miyettin` ekologiyalıq sanasın o`zgertiw, insannın` ta`biyiy ortag`a degen qarım – qatnasın tu`p tamırınan o`zgertiw bolıw kerek.

Ekologiyalıq bilim tu`siniginin` mazmunı materiallıq ha`m ruwxıy jaqlardı qamtıydı. Materiallıq jaqqa insannın` miynet etiw a`detine baylanıslı bo`legi jatsa, ruwxıy jag`ına insannın` ta`biyat baylıqların, onın` go`zzallıg`ın, ta`biyat baylıqlarına g`amqorlıq penen qaraw kiredi. Sotsiallıq ekologiya ma`selelerinin` diziminde «ekologiyalıq ma`deniyat» «ekologiyalıq sana», «ekologiyalıq oylau», «ekologiyalıq bilim», «ekologiyalıq ta`rbiyag`a» qarag`anda ken` ko`lemdi qamtıydı.

Ha`zirgi ilimiy a`debiyatlarda ekologiyalıq ta`rbiyanın` to`mendegishe wazıypaları menen maqsettlerdi o`z ishine alınıwına ko`p kewil bo`linedi:

1. insannın` qorshag`an ortalıqqa ta`siri ha`m onın` nızamlıqlarının` orınlanıwın anıqlaytug`ınday aldın`g`ı qatarlı oy, pikirler menen ilimiy dereklerdi o`z ishine alıwı;

2. ja`miyettin` materiallıq ha`m ruwxıy ku`shlerinin` aynası–ta`biyiy ha`m sotsiallıq ortalıqtın` ha`r ta`repleme bay bahalıqların tu`siniw.

3. ta`biyat baylıqların na`tiyjeli paydalanıw ko`nlikpelerin, bilim, o`zin qorshag`an ortalıqtın` jag`dayın bahalay biliw qabiletin rawajlandırıw, onı jaqsartıwdın` sharaların ko`riw, insan iskerligi menen ta`biyatqa tiygizer ziyanın aldın–ala boljay biliwi;

4. ta`biyatqa ziyan keltirmew bag`ıtındag`ı tiyisli rejelerdi sanalı tu`rde orınlap otırıw;

5. ta`biyiy ha`m sotsiallıq ortalıqtı jaqsartıw xızmetin, ta`biyattı qorg`aw ideyaların jetilistiriw, ta`biyat ha`m sotsiallıq ortag`a degen juwapkershilik penen qarawdı qa`liplestiriw .

Ekologiyalıq bilimlerdi qa`liplestiriwge degen mu`ta`jlik bu`gingi ku`ni ku`nnen – ku`nge a`hmiyetli ma`selege aylanbaqta. Usıg`an baylanıslı P.Proskurinanın` «Bizde ekologiyalıq ma`deniyat memleketlik is bolıw kerek. Bul ma`deniyat ha`r qaysısımızg`a jetegeninshe hesh qanday na`tiyje bolmaydı» degen so`zi nızamlı dep aytıwg`a boladı. Ja`miyetti ekologiyalastırıw ekologiya tuwralı ha`r ta`repleme xabar beretug`ın, barınsha ashıqlıqtı ta`miyinlewdi talap etedi. Bala baqshada, mekteplerde ha`m ha`m tag`ıda basqalar. jerlerde ekologiya ma`selesine ko`p kewil bo`linip, tek aytılıp g`ana qoymastan insannın` sanasına, ju`regine jetetug`ınday jetkiziliwi kerek dep oylaymız. Xalqımızdın` da`stu`rli ma`deniyatındag`ı, ata–babalarımız jırlap, aytıp ketken ta`biyattı qorg`awg`a arnalg`an ırımlar menen salt–da`stu`rlerdi bu`gingi ku`ni a`wlad ta`rbiyasına paydalanıw og`ada a`hmiyetli. Xalıqtın` a`sirler boyı jıynap alg`an aldın`g`ı ta`jireybesi menen unamlı qa`siyetlerin jas a`wladtın` boyına sin`iriw, olardın` qorshag`an

ortalıqqa qarım–qatnasın, du`nyatanıwın, o`mirge degen ko`z qarasın ha`m sog`an say minez–qulqın qa`liplestiriw waqıt talabı. Ata  babamız qanday qıyın–qıstaw bolsa da sog`an shıdam berip, jan-ta`ni menen qorg`ap bizge qaldırg`an jerimizdi, ta`biyatımızdı saqlaw, keleshek a`wladqa jetkiziw parız ha`m qarız ekenligin ha`r qaysısımız jeterli da`rejede tu`sinsek, bunın` o`zi u`lken jetiskenlik bolar edi.

Geografiyalıq bilim beriw menen bir qatarda ekologiyalıq bilim insanlardın` ekologiyalıq sanasının` qa`liplesiwine, elimizdin` ekologiyalıq jag`dayın elede jaqsılawg`a u`lesin tiygizetug`ın, insanlardın` baylıqlardı, bilimdi men`geriwine mu`mkinshilik jasaw kerek.

Ekologiyalıq sananın`, ma`deniyattın` qa`liplesiwi barlıq insanlardın` ekologiyalıq sanasının`, ekologiyalıq ta`rbiyasının` rawajlang`an bolıwın qarastıradı.

Sonın` menen, ekologiyalıq ma`deniyat–ta`biyiy ortag`a degen sanalı qarım–qatnas, insannın` qorshag`an ortalıqtı jaqsılawg`a o`zinsheli u`lesin qosıwı, ekologiyalıq sawatlılıq ko`rinisi esaplanadı. Ekologiyalıq ma`deniyattın` tiykarın ekologiyalıq qarım–qatnas quraydı. Ekologiyalastırıw ja`miyetti saqlawdın` sheshiwshi sha`rti bolıp tabıladı, tek sol arqalı g`ana insan menen ta`biyattın` arasında sa`ykeslik ornatıwg`a boladı. Ma`deniyat jekkelendiriwden go`ri, insan menen ta`biyattı biriktiriw quralına aynaladı.

Ta`biyatqa jan ku`yer bolıw insaniyat ja`miyetine, onın` keleshegine qızıg`ıwshılıq jasaw bolıp tabıladı. Sol sebepli tuwılg`an jerimizdin` a`jayıp ta`biyatın su`yiw, onı abaylap, qa`sterlep, qa`dirlew ha`r bir insannın` azamatlıq parızı.

Ekologiyalıq bilimlerdin` mazmunın anıqlaw ha`r ta`repleme talqılawdı talap etedi.

# 2-BAP. GEOGRAFİYA SABAQLARINDA OQIWSHILARDA EKOLOGİYALIQ BILIMLERDI QA`LİPLESTİRİW.

## 2.1. OQIWSHILARDA EKOLOGİYALIQ BILIM MENEN TA`RBİYANI QA`LİPLESTİRİWDİN` PEDAGOGİKALIQ ÁHMÍYETÍ.

Mektep oqıwshılarının` da`slepki ekologiyalıq ma`deniyatının` psixologiyalıq o`zgeshelikleri menen pedagogikalıq mu`mkinshiliklerine qaray qa`liplestiriwdin` mazmunın anıqlaw–Ha`zirgi mektep, mug`alimlerinin` wazıypaları bolıp tabıladı.

Ekologiyalıq ma`deniyat mektep oqıwshılarının` da`slepki du`nya tanıwın qa`liplestirip, ekologiyalıq sanasının` o`zegi bolıp, balanın` ruwxıy beynesine tutaslıq a`keledi, onı qorshag`an ta`biyiy ortalıqqa sotsiallıq mazmundı ha`m

ekologiyalıq qolaylı qag`ıydalar menen ta`miyinleydi.

Jeke insannın` ekologiyalıq ma`deniyatı degenimiz –ta`biyattı su`yiw talabına say keletug`ın bilim, iskerligi menen onı turmısqa asırılıwı tu`siniledi.

Ekologiyalıq ma`deniyatti qa`liplestiriw –og`ada quramalı bolıp keledi.

**Ekologiyalıq bilimdi qa`liplestiriw ushın**

Ekologiyalıq bilim beriw-bul insandı ta`biyattı paydalanıwg`a tayarlawdın` a`hmiyetli tiykarı retinde ulıwma ekologiyalıq teoriyası menen a`meliyatın iyelewge bag`darlang`an oqıtıw dın` dizimi

Ekoloogiyalıq ta`rbiya-bul bilim alıwshının` sanasında ta`biyattı qorg`aw, ta`biyatqa hu`rmetlik sezimdi, ekologiyalıq a`dep ikramlılıq ha`m ma`deniyattı qa`liplestiriw bolıp tabıladı

Ekologiyalıq ma`deniyat penen etikanın` quramına to`mendegiler kiredi: ta`biyat penen ja`miyettin` rawajlanıw nızamlıqların biliw, ta`biyattı qorg`aw kerekligin tu`siniw, ta`biyatqa tiygizetug`ın o`zinin` aqıbetin boljay biliwi, ta`biyat penen qarım-qatnasında nızamlı rejelerdi saqlaw.

Oqıwshılardın` ekologiyalıq sanası, oylawı, sawatlılıg`ı, etikası ha`m ma`deniyatlılıg`ı ekologiyalıq bilim beriw menen ta`rbiyasının` na`tiyjesinde qa`liplesedi.

Pedagogikalıq ha`m metodikalıq a`debiyatlardı talqılaw arqalı ju`rgizilgen izertlewlerimizdin` na`tiyjesinde ekologiyalıq bilim beriwdin` maqseti mektep oqıwshısın aynalasındag`ı ta`biyiy ortag`a ha`mmege ten`, basqasha aytqanda, juwapkershilik penen qarawg`a u`yretiw kerek ekenligin anıqladıq. «Juwapkershilik penen qaraw» yamasa ha`mmege ortalıq ko`z qaras-ja`miyetlik, psixologiyalıq, pedagogikalıq ha`m basqa da ta`replerinen saralawg`a bolatug`ın ken` tu`sinik. Pedagogikalıq ko`z qarastan bul tu`siniktin` mazmunına kiretug`ınlar to`mendegiler esaplanadı:

a) ta`biyiy ortalıqta insannın` o`zin qalay uslaw kerekligin tu`siniwi;

a`) ta`biyattın` xalıq g`a`ziynesi ekenligin seziniwi;

b) ta`biyatqa tiygizetug`ın o`z ha`reketinin` aqıbetin ko`re biliwi;

v) ta`biyat penen qarım-qatınasın ulıwma geografiyalıq bilim jag`ınan tiykarlap tu`sine biliwi.

Balanın` mektepke keliwi, onın` jan`a oqıwshılıq minneti, onın` balalar uyımına enisiwi, mug`allimler menen qatnas jasawı–bulardın` barlıg`ıda o`zgeshe sotsiallıq jag`day. Usı jastag`ı balalardın` unamlı basınan o`tkizgen minez-qulıq sezimleri ta`jireybesinin` o`zgsheliklerin atap o`tiwge boladı.

Sezimge su`yeniw, emotsionallıq ayıplawdı paydalanıw oqıwshılardı ta`rbiyalawdın` en` na`tiyjeli usıllardın` biri bolıp tabıladı. A`lbette, bunday ta`rbiya usılların paydalanıw u`lken saqlıqtı ha`m pedagogikalıq iygiliklikti talap etedi.

Sonın` menen birge jas o`spirimler boyında nenin` jaman, nenin` jaqsı ekenligi haqqında o`z tu`sinikleri qa`liplesip baslaydı. U`lkenlerdin` olarg`a

ta`sir etiw jag`dayı olar ta`repinen «ba`rin de o`zim sheshemen» degen qarsılıqlarg`a gezlesip otıradı. Degen menen, bul jastag`ı balalardın` ele de o`zinshelik ko`z qarasları qa`liplese qoymaydı. Usı jastag`ı balalarg`a «ko`zqaras» degen termindi qollanıw tek sha`rtli tu`rde g`ana boladı. To`mengi klass oqıwshılarının` tu`sinikleri menen oy pikirleri, geybir izertlewshilerdin` pikiri boyınsha, a`piwayı, qarapayımshılıq penen o`zgeshelenedi. Baslawısh klass oqıwshılarının` ulıwma ayrıqsha o`zgesheliklerinin` biri- jas o`spirimlerge qarag`anda olar o`zlerin ha`m o`zlerin qorshag`an du`nya ken`isligin tutas qalpında qabıllaytug`ının bilgen durıs boladı. Olardın` ha`r qaysısı ushın «Men» ta`biyattı, al ta`biyat «meni» ko`rsetedi. En` qızıqlısı, olar o`zlerin ta`biyattın` bo`legi dep sezedi.

Eger balalar oyında janıwarlarg`a ha`m o`simlikler du`nyasına janashır bolıwı, olarg`a su`yispenshiligi, qorshag`an ortalıq go`zzalıg`ınan estetikalıq la`zzat alıwı jay g`ana maqsetti go`zlese, jas o`skeni sayın bul sezimler ekologiyalıq jag`ınan maqsetke bag`darlang`an xızmet tu`rine aynaladı. Bul iskerlik haywanatlarg`a, o`simlikler du`nyasına g`amxorlıq sezimin qa`liplestiriwi menen bir qatar ju`redi ( bir na`rsege u`yirseklik ha`m su`yispenshilik, qatnas jasaw quwanıshı, qorshag`an ortag`a ziyan keliwi menen baylanıslı renjiwler ha`m ha`m tag`ıda basqalar. ).

Pedagogikalıq jag`ınan usı jas gezende balalar boyında ta`biyattag`ı minez-qulqın o`zliginen basqarıw, balanın` kerekli a`detin ta`biyatqa keltirer ziyanı menen salıstıra otırıp rawajlandırıw og`ada a`xmiyetli. Balalardın` eseyiwi menen birge «qorshag`an ortalıq» tu`sinigi aytarlıqtay ken`eyedi.

Ulıwma bilim beretug`ın mekteplerde ekologiyalıq bilim menen ta`rbiya mazmunı ha`r qıylı klasslar ha`m jeke pa`nler boyınsha, ja`miyetke paydalı jumıs ha`m o`ndirislik miynet arqalı iske asırıladı.

Mektep oqıwshıları ta`biyat baylıg`ın awıl xojalıg`ında paydalanıw haqqında da`slepki tu`sinikti miynet sabaqlarında aladı. Olar u`y mu`liklerin, kiyim-kenshek, awqat ha`m tag`ıda basqada na`rselerdin` islenetug`ın ta`biyattın` zatlarınan qalay paydalanıw kerekligi menen tanısadı.

Mekteplerdin` oqıw bag`darlaması oqıwshılardı to`mendegi iskerlikti, a`detlerdi qa`liplestiriwge bag`darlang`an: o`simliklerdin` rawajlanıwı gezinde fenologiyalıq baqlaw ju`rgiziw; mektep ha`m ja`miyetlik mu`likti uqıplılıq penen uslaw; turmısta elektroenergiyanı, gazdı, suwdı tejep u`nemlep paydalanıwg`a u`yretiw bolıp tabıladı.

Ha`zirgi jag`dayda o`ndiris ta`biyatqa ku`shli ta`sir etiwshi faktor bolıp otır. Usıg`an baylanıslı ta`biyattan na`tiyjeli paydalanıwdın` ilimiy bilimge tiykarlanatug`ının oqıwshılar tu`siniwi kerek. Sebebi o`ndirislik is-ha`rekettin` na`tiyjesinde ortlıqta ha`r qıylı o`zgerislerdin` bolıwı mu`mkin. Sonlıqtan ja`miyettin` o`ndiriwshi ku`shlerin unamlı ornalastırıwg`a aymaq ta`biyatının` o`zgesheligin, onın` o`ndirislik ju`klemege ornalasqanlıg`ın esapqa alıwdı talap etiledi. Oqıwshılar ta`biyiy ortanı ta`rbiyalawda, qorg`awda tog`ay xojalıg`ın, ma`mleketlik qorıqlardı basqaratug`ın xızmetkerlerge ko`meklesedi, o`simliklerdi qorg`aw jumıslarına qatnasadı.

Oqıwshılar awıl xojalıq o`ndirisinin` ha`r tu`rli jumıslarına qatnasadı. Sonlıqtan olar jumıstın` tu`rlerine baylanıslı tiykarg`ı ma`seleler menen tanıs bolıwı kerek: jerdi paydalanıw tiykarların, topıraqtı eroziyadan qorg`awdı biliw, o`simliklerdi suwg`arıw mug`darın, minerallıq to`ginlerdi, za`ha`rli ximikatlardı beriw mo`lsherinin` da`rejesin texnologiyalıq talaplarg`a sa`ykes esapqe alıp otırıw.

Du`nyadag`ı ekologiyalıq dereklerdi, ilimiy mag`lıwmatlardı bilim ha`m ta`rbiya protsessinde paydalanıw mug`allimnin` teren` bilimliligine, pedagogikalıq sheberligine, joqarı ma`deniyatlılıg`ına baylanıslı. Usıg`an sa`ykes, en` baslı wazıypalardın` biri-ta`biyattı qorg`aw ma`seleleri menen oqıwshılardı ilim negizinde teoriyalıq ha`m a`meliy bilimler menen ta`miyinlew za`ru`r. Bul ushın ekologiyalıq bilimnin` negizgi bag`darlamalarındag`ı oqıw materialların sabaqlarda teren` tu`sindirip, klasstan ha`m mektepten tıs ekologiyalıq jumıslarda unamlı qollana biliwge oqıwshılardı u`yretiw ha`m ko`nlikpelerin payda etiw kerek.

Oqıwshılardı ekologiyalıq bilim tiykarları menen ta`miyinlew ushın usı pa`nler boyınsha mektep o`zinin` mu`mkinshiligin esapqa alıp, ekologiya bag`darlamasın jasaydı.

Oqıwshılardın` bilim da`rejesin ko`teriw ushın geybir teoriyalıq ha`m a`meliy mazmunı bar ekologiyalıq mag`lıwmatlardı bag`darlamag`a kirgiziw kerek. Oqıwshılar olar menen lektsiyalar, a`meliy jumıslar, kesheler, sayaxatlar arqalı tanısadı.

Shama menen usınday motivti paydalanıp, tikkeley ekologiyag`a qatnası bar pa`nler boyınsha ekologiya bag`darlamasın qurastırıwg`a boladı. Endi ekologiyalıq ta`rbiya jumıslarının` birneshe tu`rlerin qarastırayıq:

1. Awıl mekteplerinin` oqıw–ta`jiriybe uchaskasındag`ı bahalı ag`ashlar tuqımının` na`llerin o`sirip, olardı qalalardı, awıllıq jerlerdi ko`galdandırıwg`a paydalanıw.

2. Mektep oqıwshıları ma`mleketlik tog`ay xojalıg`ına u`nemli ko`mek ko`rsetedi. O`ytkeni, olar mektep tog`ayshılıg`ının` ag`zası. Sonın` menen birge tog`aydı qorg`aw ha`m ag`ash o`siriw jumıslarına da belsendi qatnasadı. Olardın` tiykarg`ı isleytug`ın jumıslarının` tu`rleri:

- Na`llerdi o`siriw, ag`ashlar otırg`ızıw, olardı ku`tiw, ta`biyattın` tilsiz jawlarınan qorg`aw, tog`aydag`ı ziyanlı ja`nlikler menen gu`resiw;
- Da`ri o`simliklerin tayınlaw, jiyde, san`ıraw qulaq, ha`m tag`ıda basqa jemislerdi jıynaw;
- Paydalı xaywanlardı qorg`aw ha`m olardın` esabın alıp otırıw;
- Fenologiyalıq baqlaw ju`rgiziw.

3. Oqıwshılar auıl xojalıq ta`jireybe jumısları menen shug`ıllanadı. Ta`jireybe jumısı mug`alimlerdin`, jergilikti ilimpazlardın` basshılıg`ı astında o`tkeriledi.

Oqıwshılar dala jag`dayında da ta`jireybe jumısın ju`rgiziw gezinde ha`r tu`rli aymaqlardın` topırag`ı menen hawa rayın esapqa alıp, da`nli ha`m baqsha o`simliklerinin` sortların, olardan alınatug`ın o`nimlerdi izertleydi,

ximiyalıq quraldardı qollanıw jolı menen egislik jerlerde o`setug`ın jabayı sho`pler menen gu`res ju`rgizedi.

4. Oqıwshılar tu`rli ta`biyatqa ziyan keltiretug`ın insanlar menen gu`resedi, qorıqlıq rejeni buzıwshılardı anıqlaydı, ximiyalıq za`ha`rli zatlardı, minerallıq to`ginlerdi saqlaw ha`m qollanıw rejelerin buzıwshılardı ashkaralaydı.

5. Ekologiyalıq ta`rbiyag`a baylanıslı mektepte ulıwma ilajlar sho`lkemlestiriledi. Olar: kesheler, lektsiyalar, sa`wbetlesiwler, tamashalar, sayaxatlar, oqıwshılardın` shıg`armaları, referatları, bayannamaları, ta`biyattı qorg`aw temalarına arnalg`an plakattar, ha`m tag`ıda basqalar.Usılardın` barlıg`ı oqıwshılardın` ekologiyalıq ma`deniyattı sanalı, jete tu`siniwine, ta`biyiy ortanı qorg`aw menen jaqsılanıwına ta`sir etetug`ın og`ada a`hmiyetli qurallardın` biri bolıp tabıladı.

Eger ekologiyalıq minez qulıq ha`m miynet is-ha`reketlerin baylanıstırıp, tikkeley ta`biyiy baylanıstı ju`rgizse, olardın` jaqsı na`tiyje beretug`ınlıg`ına hesh qanday gu`man keltiriwge bolmaydı.

Ekologiyalıq ta`rbiyanın` baslı wazıypaları:

- Turmısta ha`m miynet is-ha`reketinde ekologiyalıq bilimdi qollana biliw, iskerlikke a`detleniw.
- Ta`biyattı qorg`aw ha`m o`zgertiwge baylanıslı oqıwshılardı ulıwma ja`miyetlik paydalı miynetke qosıw.
- Ha`r bir mektepte ekologiyalıq bilim ha`m ta`rbiya ja`miyetin (do`geregin) sho`lkemlestiriw. Ja`miyettin` (do`gerektin`) maqseti: ja`miyet (do`gerek) ag`zaların o`zleri turg`an aymaqtın` ta`biyatın qorg`awg`a, ku`tiwge ta`rbiyalaw, izertlewdi alıp barıwdın` usıllarına u`yretiw, mektepti ekologiyalıq jumıstın` ortalıg`ına aynaldırıw.
- Ja`miyet ag`zaları mekteptegi ha`r qıylı sho`lkemler menen birgelesip, jergilikli orında ekologiyalıq shtablar du`zedi, joybarlar, sayaxatlar uyımlastıradı.

Ekologiyalıq ta`rbiya miynet ta`rbiyası menen baylanıslı. Sebebi o`ndirislik is-ha`rekettin` barısında insan qorshag`an ortalıqqa tikkeley ta`sir etedi. Sonın` menen, oqıwshılardın` ekologiyalıq biliminin` belgili dizimin iyelew, ta`biyattı qorg`aw, onın` baylıg`ın na`tiyjeli paydalanıw, ekologiyalıq ma`deniyat tiykarında durıs du`nyanı tanıw ko`z qarasın qa`liplestiriw en` a`hmiyeli ma`selerdin` biri bolıp tabıladı.

## 2.2. OQIWSHILARDIN` EKOLOGİYALIQ BILIMLERDI QA`LİPLESTİRİWDİN` METODİKALIQ TİYKARLARI

Ta`biyat penen ja`miyet, insan arasındag`ı qarım-qatnaslar qarama qarsılıqsız, ha`r dayım u`ylesimli dep qarawg`a bolmaydı. Olardın` arasında barg`an sayın ishki qarama qarsılıqlar ko`beyip otıradı. Bul qarama qarsılıqlardın` deregi ja`miyet penen ta`biyattın` rawajlanıwının` bir-birine qarama-qarsı eki tendentsiyasında ko`rinedi. Birinshiden, ja`miyet penen onın` o`ndiriwshi ku`shleri rawajlang`an sayın insannın` ta`biyatqa «u`stemligi» artıp baradı, al ekinshiden, bul ekewinin` arasında sa`ykeslik payda bolıp, barg`an sayın shiyinlenisip quramalasadı. Ta`biyat qubılıslarının` ha`r tu`rliligine qaramastan, olardın` barlıg`ı o`z ara baylanısta, qarım-qatnasta, yag`nıy birpu`tin boladı. Sol sebepli de, eger insan ta`biyat qubılıslarının` bir salasına ta`sir etip, onı o`zgertiwge ha`reket etse, onda ol sonın` menen ishki baylanıstı basqa jaqlarının` «tınıshın buzıwı» mu`mkin.

Sonlıqtan, ta`biyat qorlarına abaylı bolıw, buzılg`anların qa`lpine keltirip otırıw, olardı unamlı paydalanıw, hawag`a, jerge, suwg`a o`simlikler menen janıwarlar du`nyasına g`amqorlıqtı ku`sheytiw barlıq azamatlardın` wazıypası men abıroylı minneti bolıp sanaladı.

«Ten`izdin` tınıq bolıwı–bulaqlardan» degenindey ta`biyattı qorg`aw, qa`lpine keltiriw ma`selelerin aqıl menen, bilgirlikte ha`m utımlı jol menen ju`rgiziwdin` o`zimiz ushında, kelesi a`wladlar ushın da a`hmiyeti u`lken ekenin balalardın`, jas o`spirimlerdin` sanasına sin`dirip, ekologiyalıq

ma`deniyatın, ta`rbiyanı besikten baslaw kerekligi bu`gingi ku`nnin` o`mir talabı bolıp tabıladı.

Ekologiyalıq bilim beriw O`zbekistan Respublikasının` g`a`rezsizliginin` da`slepki jıllarında ulıwma bilim beretug`ın mekteptin` ekologiyalıq bilim beriwge baylanıslı is-ha`reket bag`darlaması menen kontsepsiyasında anıqlang`an. Ekologiyalıq bilim beriw dep jeke insannın` ilimiy bilimler dizimi menen a`meliy iskerligin, o`zin-o`zi uslaw, xızmet etiwge baylanıslı bag`dar alatug`ın iserliklerin, qorshag`an sotsiallıq-ta`biyiy ortalıqqa juwapkershilikti qa`liplestiretug`ın bilim menen ta`rbiya beriw, rawajlanıwdın` u`zliksiz protsessi dep ko`rsetilgen.

O`zbekistan Respublikasının` «Bilimlendiriw» nızamında: «Ekologiyalıq ta`rbiya alg`an ekologiyalıq bilimler tiykarında qorshag`an ortlıqqa unamlı qarawı menen ta`biyat baylıqların na`tiyjeli paydalanıw»- dep anıqlama berilgen. Al, bul bolsa, oqıwshılardın` oqıw-bilim alıw iskerligin unamlı sho`lkemlestirip, olardg`a, tuwılg`an jerge degen su`yispenshilikti payda etiw bolıp tabıladı. Qorshag`an ortalıqtın` qanday da`rejede saqlanıwı, sol ortalıqta o`mir su`rgen insaniyattın` da kelbetin ashıp ko`rsetedi. XX- a`sirdin` 60-jıllarının` ayag`ınan baslap «ta`biyattı qorg`aw sharaları», onnan keyin 70-jıllardın` son`ı menen 80-jıllarda «ekologiyalıq bilim menen ta`rbiya beriw» tu`sinigine almastı. Ha`zirgi waqıtta «ekologiya» so`zinin` ma`nisi biologiyalıq tu`sinikte g`ana qalıp qoymay, bul tu`siniktin` biologiyalıq ta`repi menen insan o`mirinin` fiziologiyalıq, al geografiyalıq jaqtan ekologiyalıq ha`m texnologiyalıq, pedagogikalıq aspektilerin birgelikte qarastırg`anda ken` mazmung`a iye bolatug`ınlıg`ı belgili boldı. Sebebi ekologiyalıq keskinlesiw sebepleri aymaqtın` o`zgesheliliginen ha`m de sotsiallıq ja`miyetlik ko`z qaraslardın` o`zgeshelikleri bu`gingi ku`ni u`lken ma`selege aylang`an.

Du`nyalıq ekologiyalıq jag`daylardın` ma`selelerine arnalg`an izertlewlerde ha`zirgi zamang`ı ja`miyet penen ta`biyattın` o`z ara ha`reketlesiwinin` o`zgesheligi anıqlanadı. Olarg`a mınalar kiredi:

- antropogenli ta`sir etiw ornı bolıp jer sharının` barlıq salası-qattı, gazlı, suw, biotoplıq, kosmoslıq salaları esaplanadı;

- ekologiyalıq qarama-qarama qarsılıqlar barlıq jer sharın qamtıydı;

- insaniyattın` ha`reketi du`nyalıq ko`lemdegi ko`plegen ta`biyattın` ten` salmaqlıg`ına ta`sir etedi.

Usınnan kelip shıg`ıp Watan, tuwg`an jer ta`biyatın qorg`aytın ta`rbiyalı, ta`rtipli, ma`deniyatlı shaxstı rawajlandırıp, qa`liplestiriw wazıypası alg`a qoyıldı.

Ekologiyalıq ma`selelerdi sheshiwde bilim jetkiliksiz, sonlıqtan da jeke shaxsta insan menen ta`biyattın` sa`ykesli qarım-qatınasın ta`miyinleytug`ın ekologiyalıq ma`deniyat bilimdi belsendilikke, anıq iskerlikke bag`darlaytug`ın qural xızmetin atqaradı.

Usıg`an baylanıslı XX-a`sirdin` ekinshi yarımında ekologiyalıq ma`deniyatqa ta`rbiyalawdın` og`ada za`ru`r ekenligi belgili boldı. Ol bir jag`ınan orta mekteplerde ekologiyalıq bilimnin` engiziliwine, al, ekinshi jag`ınan ekologiyalıq keskinlesiwdin` teren`lesip qorshag`an ortalıqtag`ı ten` salmaqlıqtın` buzılıwına baylanıslı boladı.

Ekologiyalıq bilim ta`biyiy qorshag`an ortalıq penen qarım-qatnastag`ı insan tirshiliginin` miyrası bolıp qalatug`ın taza turmıs qa`lpine, turaqlı sotsiallıq, ekonomikalıq rawajlanıwına, eldin` ha`m ha`r bir insannın` ekologiyalıq bilimi menen ta`rbiyası da`rejesine baylanıslı qa`liplesedi.

Ekologiyalıq bilim - ha`rbir ja`miyetdeg`ı ulıwma ma`deniyattin` en` áhmiyetli elementterinin` biri bolıp tabıladı, o`ytkeni a`leumettik is-a`reket udayı qorshag`an ortanın` o`mir su`ru talaptarımen baylanıstı boladı. Yag`ni ekologiyalıq ma`deniyat a`leumettik fenomen retinde ja`miyet men ta`biyattın` o`zara qarım – qatınasın retteu qajettiliginen tuındaydı.

Ekologiyalıq bilim shaxs penen, onın` ha`r qıylı minez qulqı ha`m qa`siyetleri menen organikalaq baylanısta boladı. İlimiy a`debiyatlarda «ekologiyalıq ma`deniyat» tu`sinigine ko`plegen tu`sinik, anıqlamalar berilgen. E.V.Girusovtın` pikirinshe, ekologiyalıq ma`deniyat-ja`miyettin` materiallıq

ha`m ruwxıy bahalılıqlardın` birligi, sonday-aq, ta`biyiy ortanı saqlawg`a bag`darlang`an ha`reketlerdin` birligi. So`ytip, ma`deniyattın` ma`nisin insannın` o`zinshelik materiallıq ha`m ruwxıy talapqa jeteleytug`ın iskerlikke baylanıslı tuwılatug`ın o`nim dewge boladı. Ekologiyalıq ma`deniyattı qa`liplestiriw probleması boyınsha alıs ha`m jaqın shet ellik alımlardın` qırıqtan aslam miynetlerinde qarastırılg`anda onın` kuramalı ha`m ha`r qıylı san qırlı ekenligine isenimimiz arttı.

Ekologiyalıq bilim tu`sinigine berilgen anıqlamalardı tu`siniwde olardın` mazmunı menen baslı ideyalarına qaray birneshe bag`ıtta qarastırılg`anlıg`ın ko`rsetedi: ekologiyalıq ma`deniyat– ulıwma ma`deniyatlıqtın` bir bo`limi; ekologiyalıq ma`deniyat insanlardın` ta`biyat penen qarım–qatnasları haqqındag`ı qa`liplesken du`nyatanıwı, isenimi, tu`sinikleri, bilimi, iskerligi, bahalıq bag`dar dizimi; ekologiyalıq ma`deniyatqa–insannın` o`mirlik belsendiligi; ekologiyalıq ma`deniyat insannın` ta`biyattı teoriyalıq, materiallıq-praktikalıq, ruwxıy baylıqtı iyelewi ha`m jan`artıwdag`ı mazmunlı ku`sh-quwatının` o`lshemi, iskerligiinin` jıyıntıg`ı;

ekologiyalıq bilim –insannın` ta`biyat penen g`ana emes, sotsiallıq–tariyxıy ortalıq penen, biosfera menen o`z ara ha`reketlesiwi.

Demek, ekologiyalıq bilim ekologiyanı tanıp-biliwi, minez-qulıq, ju`ris-turıs sıpatı negizinde ta`biyatqa su`yispenshilik penen qarap, saqlay biliw degendi tu`sindiredi dewge boladı.

«Ekologiyalıq ma`deniyat» terminin en` da`slep akademik D.S.Lixachev 1980 jılı ko`pshilikke usıng`an. Onın` pikirinshe, adamgershilik faktorınan quralg`an insan tirshiliginin` ob`ektivli tiykarı-miyraslardı asıraw, sol sebepli ma`deniyat ekologiyasın adamgershilik ekologiyası retinde qaraydı. Onın` nızamlıqların saqlamag`an jag`dayda ol-ja`miyettin` adamgershilik, ruwxıy jag`ınan ıdırawına alıp keletug`ınlıg`ın eskertedi. Qazaqstanlı alım İ.K.İslamovanın` pikirinshe, ekologiyalıq ma`deniyat–ulıwma ma`deniyattın` ajıralmas bo`limi retinde ta`biyattı qorg`awg`a, ta`biyat resursların u`nemli paydalanıwg`a, ta`biyat baylıqların qa`lpine keltiriwge baylanıslı jeke

shaxstın` ekologiyalıq bilimi, iskerlikleri, ko`z qarasları, isenimnin` ha`m ta`biyiy ortag`a a`meliy iskerliginin` jıyındısı dep ko`rsetedi.

Alımlardın` pedagogikalıq oy-pikirleri boyınsha, «ekologiyalıq ma`deniyat» - ulıwma du`nya ju`zlik ma`deniy rawajlanıwının` quramlıq bo`limi ha`m reti kelgende keleshekte insaniyattın` rawajlanıwına ta`sir etetug`ın o`mirdegi barlıq ulıwma a`hmiyetli ekologiyalıq mashqalalar menen sıpatlanadı. Bul anıqlamada o`zgeshe na`zer awdaratug`ın jag`day– «ekologiyalıq ma`deniyattın`» jeke milliy yamasa milletler aralıq da`rejede emes, pu`tkil du`nya ju`zlik shen`berdegi insaniyatqa ta`sir qılatug`ın mashqalalar qatarında sıpatlanıwında bolıp tabıladı.

Solay etip, jeke shaxstın` ekologiyalıq ma`deniyatın qa`liplestiriwde insan menen ta`biyattın` ekologiyalıq baylanısının` eki jolı ko`rinedi, olardın` fiziologiyalıq ha`m psixologiyalıq baylanısı insan densawlıg`ına ta`sir etedi. Bul baylanıstın` buzılıwı son`ınan fiziologiyalıq ha`m psixologiyalıq a`detlerinin` ten` salmaqlılıq bioritmlik o`z ara qatnaslardın` buzılıwına a`kelip sog`adı da, usınnan insan menen ta`biyattın` o`z ara baylanısı buzıladı. Olardın` qaytadan du`ziliwi ta`biyattın` bir tegis ko`rinisin qa`lpina keltiredi, psixikalıq ha`m fiziologiyalıq sistemag`a a`keledi. Ruwxıy adamgershilik–estetikalıq baylanıslar insannın` ruwxıy du`nyasına ta`sir etedi.

İlimiy miynetlerde shaxstın` ekologiyalıq ma`deniyatın qa`liplestiriwinin` tiykarı- bilim bolıp tabıladı dep ko`rsetilgen. Oqıwshı onı mektep da`wirinde, xabar qurallarınan o`z tuwılg`an eli, jeri tuwralı kitap qorlarınan oqıp u`yrenedi. Bilim–insannın` ilimiy faktilerdi, tu`siniklerdi, rejelerdi, nızamlardı, qag`ıydalardı tu`siniwi, esinde saqlawı ha`m qayta jan`artıwında og`ada a`hmiyetli faktor bolıp tabıladı. Ta`biyat penen ja`miyet haqqında ilimde jıynalg`an bilim, biylik, uqıplılıq dizimin jeke shaxs, mektepte oqıw barısında iyeleydi ha`m onı turmısta tiyimli jerinde qollana aladı. Shaxstın` ekologiyalıq ma`deniyatı basqa da ma`deniyatlar menen tıg`ız baylanıslı. Olar intellektuallıq ma`deniyat, du`nya tanıw ilimiy sawatlılıq, ta`biyat nızamlıqların tanıwın olardın` o`z ara nızamlı baylanısların ta`miyinleydi.

Ha`zirgi waqıtta orta bilim beriw diziminde oqıwshılardın` ekologiyalıq ma`deniyatın qa`liplestiriw za`ru`rligi turmıstın` o`z talaplarınan, qarama-qarsılıqlarının` bolıwınan payda bolg`an mashqalalardın` birine aynaldı. Bul jag`dayda ayırım pa`nlerdin` roli arta tu`sedi. A`sirese, oqıwshılardın` ekologiyalıq bilimdi qa`liplestiriwshi da`slepki kurs geografiyalıq pa`nler bolıp esaplanatug`ın bolsa, alg`an teoriyalıq bilimlerin jetilistiretug`ın, ekologiyalıq ma`deniyatın qa`liplestiretug`ın pa`n u`lketanıw kursı bolıp esaplanadı.

Geografiya pa`ni diziminde u`lketanıw jumısın dizimge salıwda onın` watandı su`yiwshilikke ta`rbiyalawdag`ı rolin atap ko`rseteiw orınlı. Shın ma`nisinde geografiyalıq u`lketanıw degenimiz-ha`r kimnin` o`z u`yinin` tabaldırıg`ın atlap shıqqanda tabanı tiyip, qolı menen uslap, ko`zi menen ko`retug`ın ta`biyiy zatlardı, qubılıs ha`m bolmıstı tu`sinip biliw degen so`z. Olsız o`mirdin` mazmunı bolmaydı. Qa`nshelli ta`biyat penen jaqın ju`rip, ta`biyiy qubılıslardı izertlep biliwge qushtar bolsa, insanlardın` du`nya qarası bay, kewili sergek boladı, onnan basqa tuwılg`an ana jerdin` qa`dir-qımbatın bilgen insan o`zin onın` perzenti retinde ko`rip, og`an juwapkershilik sezimi menen qaraydı. Al mektep oqıwshısın, yag`nıy eldin` erten`gi kelesheklerin, oqıtıp ta`rbiyalaytug`ın orında geografiyalıq u`lke tanıw dizimi jumısların bag`darmalıq ko`z qarastan qaraw, bul bag`darda ılayıqlı jumıs bolıp tabıladı. Barlıq anıqlamalardı talqılay kelip, biz ekologiyalıq ta`rbiyanın` maqseti retinde sub`ekttin` ekologiyalıq ma`deniyatın qa`liplestiriw du`nyatanıw iliminin`, gumanitarlıq, ekonomikalıq ha`m huqıqlıq bilimderdi qollanıw ta`biyatqa degen jan`a ekologiyalıq etikalıq qatnas ornatıw ekenligin tu`sindik. Olay bolsa, orta bilim beriw dizimin jan`artıw jag`dayında jas a`wladtın` ekologiyalıq ma`deniyatın ilimiy ha`m ta`jiriybelik biliminin` birligi negizinde qa`liplestiriw, onın` qorshag`an ortag`a juwapkershiligin ha`m bahalı bag`darın, ruwxıy sıpattag`ı iskerligin ta`miyin etiw a`hmiyetli bag`dar bolıp tabıladı.

## 2.3. GEOGIRAFIYA PA’NIHIN’ KA’MIL INSAN TA’RBIYASINDAG’I RO’LI

Prezidentimiz salamat awladti ta`rbiyalap o`siriwimiz kerek dep aytadi. Salamat awlad degende tek fizikaliq jaqtan emes, ba`lki a`dep-ikramli, uliwmaliq ideyalar ruwxinda ka`mil bolg`an awladti tu`sinemiz. Sonin` biz jas awladqa ma`mleketko`leminde g`amxorliq qiliwimiz, olardin` rawajlaniwi ushun sharayat jaratiwimiz shart. Keshekte jaslarimiz joqari ekonomikasi menen emes, bilimdanlig`i, ma`nawiy jaqtan jetik perzentleri menen da du`nyag`a taniliwi mu`mkin.

XXI a`sir bosag`asinda ja`miyet o`mirinin` barliq ta`replerin erkinlestiriw da`stu`ri ha`m ustivorliklari onnan kelip shig`atug`un wazipalar aniq belgilenip berilgen bolip, ma`mleketimiz istiqboli jas awladtin` qanday tarbiya aliwina, ma`nawiy pa`ziyetler iyesi bolip boy jetiwine, ma`nawiy axloqiy jaqtan joqari, jetik bilimge iye, fizikaliq salamat boliwlari ushun qayg`iriw ha’m gu`resiwdi tiykarg`i wazipa qilip qoymaqta.

Joqari tajreybeli ha`m ma`nawiyatli joqari bolg`an qa`niygelerdi tayarlaw jolg`a qoyiw ma`mleket istiqbolin belgilep beriwshi bas faktorlardan biri esaplanadi. Ja`miyetimizdin` rawajlaniwi, bu`gingi ha`m ertengi ku`ni jurtimizdin` ulli maqsetler jolinda birlesiwi, zamanagoy dunyaqaras, uliwma insaniyliq ham milliy qadriyatlarimizdin` vorisi bola alatug`un bolajaq a`wlatdin` pidayilig`I, izleniwshenligi, jan`aliqqa intiliwshenligi, o`mirin usilarg’a bag`ishlag`anlig`ina Republika oqiw jurtlari bu`gingi talaba jaslar menen oqiw-usluviy, ilimiy, ma`nawiy tarbiyaliq jumislardi qay ta`repten qurilip atirg`aninan kelip shig`adi.

Ta`lim tarbiyag`a u`ziliksiz protses sipatinda jandasip, tiykarg`i itibardi to`mendegilerge qaratiw lazim boladi:

-maqsetti aniqlap aliw;

-u`yreniwdi rejelestirip ha`m islep shig`iw u`yreniwdi a`melge asiriw;

-qanday u`yrengenligine baha beriw;

-u`yreniwge bolg`an jan`a za`rurliklerdi aniqlastirip aliw:

-u`yreniw aldinda jan`a wazipalardi qoyiw   h.t.b

Sanaattin` rawajlaniwi na`tijesinde ta`biiy bayliqlar zapaslarinin` azayip bariwi menen birge, a`tirap-ortaliqtn` pataslanii mashqalasin da keltirip shig`adi. Suw saqlag`ishlar, atmosfera qabati, topiraqlar sanaat-ka`rxanalar shig`indilari menen pataslanip baratirg`anligi ma`lim bolmaqta. Bul jag`daylar o`simlikler ha`m haywanat du`nyasi, sonday-aq insanlar densawlig`inda da ku`shli qa`wip tuwdirmaqta . Bul keri aqibetler a`ste-aqirin pu`tkil jer ju`zin o`z ta`sirin ko`rsetip xx a`sir basina shekem jasalma xarakterge iye bolg`an bolsa, endi, bul planetanin` global mashqalasina aylanip boladi.

Biosferani saqlawda ta`biiy bayliqlardan tejep paydalanatug`un sanaat ha`m awil xojaliq texnologiyasinda o`tiriw u`lken a`hmiyetke iye. Bunin` ushun :  Qazip alinatug`un  ta`biyat bayliqlarinnan toliq paydalaniw;

O`ndiris shig`indilarinan qayta  paydalaniw,  shig`indisiz  texnaologiyani jolg`a  qoyiw;

Ta`biiy zapaslardan paydalaniw ko`lemi xaliq saninin` ko`beyiwine qarap ta artip barmaqta. Ma`selen, 1972-jil ta`biiy bayliqlardi jan basina paydalaniw 1940-jilg`a qarag`anda  2,5 esege artti. 2000-jilda bolsa adam basina 35-40 tonnag`a jetti. Ha`zirgi waqitta insaniyattin` xojaliq talaplari ushun jilina da`riyalar suwinin` shama menen 15% tin paydalanbaqta.

Ha`zirgi zaman xaliqaraliq ekologiyaliq birge islesiw sho`lkemleri u`sh bag`darda jumislardi a`melge asirmaqta :

1. A`tirap ta`biiy ortaliqti qorg`awdin` ma`mleketler araliq ha`m mlletler araliq birge islesiw ha`m olardag`I jaqsi ta`jiriybelerdi ken`nen en jaydiriw;

2. Belgili bir geografiyaliq aymaqlarda (region) ta`biyatti regional qorg`awdin` ilimiy tiykarlang`an is-ila`jlarin islep shig`ariw ha`m olardi a`melge asiriwdi usinis etiw;

3. Global ekologiyaliq mashqalalardin` sheshimin tabiwda BMT nin` mekemeleri ma`mleketl ha`m ma`mleketlik emes sho`lkemler arqali universal jollardi isletiw.

Geografiya pa`ninen oqiwshilarg`a ekologiyaliq ma`deniyatti rawajlandiriw a`himiyetli orin turadi. Bizge belgili, tabiyat qansha o`zlestirilse ham o`zgertilse onda sonsha har turli tabiyiy, jasalma protses ha`m ha`diyseler ju`zege keledi, natiyjede insaniyat har tu`rli ziyan ko`riwi mu`mkin. Ju`zege kelgen global ekologiyaliq mashqalalar insaniyattin` Jer betindegi o`mirine qa`wip astina qaldiriwi mu`mkin. Bug`an en` tiykargi sebeb jerde xaliq saninin` tez o`siwi ha`m islep shig`ariw masshtabinin` ku`nnen-ku`nge artip bariwi esaplanadi.

Shaxsti ha`r ta`repleme insan qilip tayarlamastan turip kamil insan boliwina iseniw qiyin. Jas a`wladti teren` bilim etip tarbiyalaw mashqalasi menen insan ma`deniyati baylansli.

Uliwma geografiyaliq ma`deniyatqa tan` bilim ha`m ko`nlikpelerdi rawajlandiriw eki bag`dar boyinsha alip bariliwi mu'mkin.

1. Geografiyaliq ma`deniyat tu`sinigi ekologiya ha`m usi meen baylanisli pa`nler ja`rdeminde srawajlandiriw

2. Tek geografiyanin` o`zine tan` bolgan bilim ha`m ko`nlikpelerdirawajlandiriw eki bag`dar boyinsha alip bariliwi mumkin.

Ekologiyaliq madeniyat, ekologiyaliq sana, ekologiyaliq ta`rbiya, ekonomikaliq pikirlew siyaqli bir qansha tu`sinikler bar bolip, olarda geografiya ta`limi protsesinde tez-tez ushrap turadi.

Ekologiyaliq ha`m ma`deniyatli tu`sinikleri biri-biri menen baylang`an. Xaliqtin` ma`deniyat saviyasi qa`nsheli joqari bolsa usi jerde ekologiyaliq sharayat so`nsheli qolay , jasaw ortalig`I taza boladi. Ha`r birmutaxassis, qaysi tarawda jumis ko`rsetiwden qatiy na`zer xaliqtin` kerekli ekologiyaliq ma`deniyati saviyasini joqarilawg`a o`z u`lesin qosiwi kerek.

Geografiya pa`ni ha`m ekologiyani baylanistirip alip bariw oqiwshilarga o`mirdi tusinip aliwga imkan beredi, tabiyat nizamliqlarin bilip aliwg`a ga`wes oyatadi. Ha`r bir temani oqiwshilarg`a tu`sindirgen waqitta ekologiyaliq protsesler, ekologiyaliq mashqalanin` qanday payda boliwi onin` ziyanli ta`siri haqqinda oqiwshilarga sanasina sin`diriw jaqsi na`tiyje beredi.

Ekologiyaliq ta`liminin` maqseti oqiwshilarga beriliwi lazim bolg`an ta`biyat haqqindag`i bilimler sistemasi bolip, tabiyat bayliqlarinan paydalaniw, qoriqlaw, ko`beytiriw ha`m keleshek awladlari ushun taza qalda saqlawdan ibarat.

Awil xojalig`i temasin o`tiw waqtinda republika diyqanshiliginda har tu`rli ziyanli zatlardin` qollaniliwi, suw resurslarinan ta`rtipsiz paydalaniliwi sebepli aral xa`m aral boyi mashqalalarinin` payda boliwin aytip o`tiw za`rur. Sonday-aq usi mashqalalardi joq etiw jollari, yag`niy awil xojalig`inda meloratsiyalaw jumislarin ken`eytiw, zararkunandalarg`a qarsi gu`resde biologiyaliq metodi ken` qollaniw siyaqli ilajlardi oqiwshilarg`a o`zleri jasap turg`an jerlerdi misalinda tu`sindiredi.

Tabiyatti qorg`aw qiliwdag`i xaliq araliq aspektler to`mendegi sharalardi o`z ishine aladi:

- Tabiyattan paydalaniw milley da`sturlerin usinis qiliwda tajriybe almasiw;

-Ma`mleket ara da`stur ha`m pitimlerdi jaratiw ha`m engiziw;

-Atirap-ortaliqtin` jag`dayin nazarat qiliw boyinsha xaliqaraliq sho`lkemlerdi du`ziw ha`m qabil etilgen pitimlerdi orinlaw;

Barliq ma`mleketlerde milliy ko`lemde tabiyattan paydalaniw siyasatina basshiliqti sho`lkemlestiriwshi orayliq organlar payda boldi. Maselen: Yaponiya atirap-ortaliqti qorg`aw qiliw basqarmasi , Fransiyada wa`zirlik, AQSHda atirap-ortaliqti qorg`aw qiliw boyinsha federal agentlik ha`m basqalar du`zilgen.

Planetarliq eekologiya ekonomikaliq mashqalalardi sheshiw jollarin islep shig`giwda tabiyat qorg`awi boyinsha xaliqaraliq konferensiyalardin` roli u`lken. Stokgolm (1972) konferensiyasi ashilg`an ku`n 5 iyun – pu`tkil duniya atirap ortaliqti qorg`aw ku`ni dep jariyaladi. Sonnan beri har 5 jilda usinday konferensiya o`tkiziledi. 1995 jilda “EVROPA ushın a`tirap-ortaliq” dep ataliwshi uliwma evropaliq konferensiya o`tkizildi. Onda “EVROPA ushun

ekologiyaliq da`stu`r qabil etildi. Keyinshelik , bir qatar zonalarda “ekologiyaliq da`stu`r” izbe-iz du`zile baslandi.

Geografiya kursin oqiwda jahanda ha`m respublikada keskin bolip turg`an ekologiyaliq ha`m tabiyatti qorg`aw qiliwg`a baylanisli problemalar to`mendegilerden ibarat boliwi lazim:

1)Iri sanaat oraylari jaylasqan qalalar tabiyatin qorgaw:

2)agrosanaat orayindag`i ekologiyaliq mashqalalari:

3)transport ha`m onin` ekologiyaliq mashqalalari:

4)aral ha`m aral boyi mashqalalari:

5)tabiyattag`i suwlardin` sanaat ha`m awil xojalig`I oqaba suwlari menen pataslaniwi ha`m onin` aldin aliw sharalari.

## JUWMAQLAW.

Ekologiyalıq bilim—ulıwma du`nya-ju`zilik ma`deniyatını rawajlanıwının` bir da`wiri ha`m quramalas bo`limi; insaniyattın` o`miri menen keleshektegi rawajlanıwında ekologiyalıq mashqalalardın` dereginin` a`hmiyetliligin ha`mmenin` teren`nen tu`siniwi menen sıpatlanadı. Qorshag`an ortag`a nemquraylılıq penen qarawdın` o`kinishli ta`jireybesi, ximiyalıq pataslanıwdan, suwdan, jer silkiniwlerden, elektromagnitlik nıwrlanıwdan, radiatsiyadan ha`m tag`ıda basqada ziyanlı ta`sirlerden payda bolg`an awırıwlardan ja`bir ko`riw ekologiyalıq ma`deniyat ha`m sanitariyalıq ma`deniyat tu`siniklerin birge tu`siniw kerek ekenligin tu`siniwge sebepshi boldı. Ulıwma ma`deniyattın` bul a`hmiyetli quramalas bo`limleri o`z ara tıg`ız baylanıslı, sonlıqtan insannın` atmosfera hawasına, ta`biyiy suwlarg`a, jerdin` topıraq qatlamına, o`simlikler menen haywanatlarg`a baylanıslı xojalıqlıq ha`m turmıslıq ha`reketinin` sanitariyalıq-ekologiyalıq jaqtan maqsetke say bolıwın talap etedi.

Ha`zirgi waqıtta du`nyalıq ja`miyettin` dıqqatı ekologiyalıq bilim beriw mashqalasına og`ada kewil awdarmaqta. Sebebi, Ha`zirgi tan`da kez-kelgen adam balası u`shin kezek ku`ttirmeytin eki ma`sele tuındap otır. Birinshisi, adam ha`zirgi gezde tabiyat penen tıg`ız qarım-qatnasta bolıwı, bolmasa bunın` keyni ornı tolmas ekologiyalıq qıyın jag`dayg`a a`kelip soqtırıwı mu`mkin. Ekinshisin tan`lar bolsa, onda biosferanı saqlap qalıwg`a tırısıw kerek, ol ushın adamlardın` tabiyatqa degen ko`z qarasın pu`tkilley o`zgerte otırıp, jan`a ekologiyalıq ma`deniyattı qa`liplestiriw kerek. Bunı, BMSh menen birqatar ma`mleketterdin` insan ha`m onı qorshag`an ortalıq haqqındag`ı jan`a bag`dardag`ı bilim dizimin qa`liplestiretug`ın, biosferanı saqlap qalıwg`a bag`darlang`an, energiyanı ha`m resurslardı u`nemleytug`ın texnologiyalardı engiziwdi talap etetug`ın turaqlı rawajlanıw strategiyasın qabıllawına baylanıslı tu`sindiriwge boladı. Ekologiyalıq bilim beriw mashqalasına ja`miyettin` dıqqat awdarıwının` tag`ı bir sebebine, antropogenlik tu`rdegi (ta`biyiy

resurslardın` azayıwı, bioko`p tu`rliliktin` to`menlewi, qorshag`an ortalıq sharayatının` jamanlasıwı, ziyanlı qosılmalardın` ko`beyiwi ha`m tag`ı basqalar) ekologiyalıq mashqalalardın` payda bolıwı jatadı. Ha`zirgi da`wirde ekologiyanın` globallıq ma`seleleri ko`plegen adamlardın` qızıg`ıwshılıg`ın payda etpekte. Bizin` respublikamızda ta`biyattı, qorshag`an ortalıqtı qorg`aw siyasiy, ekonomikalıq ha`m ma`mlekettin` sotsiallıq tapsırmasının` a`hmiyetliligine qaratılg`an. Elimiz Prezidenti Sh.M. Mirzyoevtın` basshılıg`ında qabıl etilgen «2017-2021 jıllarda O`zbekistan Respublikasın rawajlandırıwdın` bes turaqlı jo`nelisleri boyınsha Ha`reketler strategiyası» haqqındag`ı qararında atap ko`rsetilgen a`tirap-ta`biyiy ortalıq, xalıq sawlıg`ı ha`m genofondına ziyan jetkiziwshi ekologiyalıq mashqalalardın` aldın alıw punkti boyınsha bir neshe qararlar qabıl etildi

O`zbekistan Respublikası Konstitutsiyasında ko`rsetilgen: "Ma`mleket o`zinin` maqsetin insan densawlıg`ın ha`m o`mirge qolaylı, qorshag`an ortanı qorg`awg`a qarata qoyılg`an". Ekologiyalıq ma`deniyat–ha`r bir ja`miyettegi ulıwma ma`deniyattın` en` a`hmiyetli elementlerinin` biri bolıp tabıladı, o`ytkeni sotsiallıq is-ha`reket udayı qorshag`an ortanın` tirishilik etiw talapları menen baylanısta boladı. Yag`nıy ekologiyalıq ma`deniyat sotsiallıq fenomen retinde ja`miyet penen ta`biyattın` o`z ara qarım–qatnasın retlew za`ru`rliginen payda boladı. ilimiy a`debiyatlarda «ekologiyalıq ma`deniyat» tu`sinigine ko`plegen tu`sinik, anıqlamalar berilgen.

Oqıwshılardın` ekologiyalıq ma`deniyatın qa`liplestiriw ushın ekologiyalıq bilim menen ta`rbiya birge beriluiw kerek. Sebebi, ekologiya tiykarların biliw–bilim alıwshılardın` boyında qa`liplesip, rawajlanatug`ın ekologiyalıq ma`deniyattın` payda bolıwına sharayat jaratadı. 1993 jılı F.Mayrom YuNESKO basshılıg`ı menen tallang`an ju`rgiziwshi xalıq aralıq jobanın` "Du`nya ma`deniyatı" bag`darlaması boldı (UNESKO and a cuIture of peace Promoting a GiobaI Movement), bunda negizgi buwın bolıp "Ekologiyalıq ma`deniyat" bag`darlaması bolıp tabıladı. Adamzatta en` a`hmiyetli ma`sele bolıp jan`a ja`miyet turmısın sho`lkemlestiriw ha`m bir tutas

bilim printsipleri bolıp esaplanadı. Ha`r bir ja`miyettin` rawajlanıw barısında adamzat balasının` ta`biyat penen sanalı qarım-qatnas jasawının`, yag`nıy o`zi tirishilik etken ortalıg`ın qorg`aw maqsetinde, jas a`wladtı ta`rbiyalawda uzaq jıllar boyı qa`liplesken tariyxı bar. Jerleslerimiz ullı oyshıldar filosof, matematik, psixolog, pedagog, ta`biyat izertlewshisi Muhammad İbn Muso Al-Xorezmiy, A`bu-Nasr-Al` Farabiy, Abu Rayxan Beruniy, S. Baqırg`aniy, M. Qashqariy ha`m tag`ıda basqada oyshıl alımlarımız, erteden-aq ta`biyat—ja`miyet—adam arasındag`ı rawajlanıwdın` o`z ara baylanısın ha`m onın` bir tutaslıg`ın o`zlerinin` ilimiy du`nya tanıwına su`yene otırıp ta`biyattı jeke adamnın` aqıl-oyı menen sana-sezimin ta`rbiyalawdın` tiykarı ekenligin ko`re bilgen. Xalqımızdın` jırawları Qorqıt ata, Asan qayg`ı, Soppaslı Jiyrenshe jıraw ha`m Berdax, A`jiniyaz ha`m t.b. barlıq waqıtta o`z shıg`armalarında ta`biyat olardın` tiykarg`ı ma`selesi boldı. Ha`zirgi zamanda jeke ekologiya ma`deniyatın tu`siniw, adamnın` bahalılıg`ın moyınlaytug`ın, onın` bilimge huqıqı, baqıtqa ha`m adamnın` baslang`ısh huqıqı – taza ta`biyat ortasında ma`nissiz (mag`anasız) tirishilik etiw mu`mkinshidigin ko`rsetiw bolıp tabıladı. Adam–ta`biyattın` bir bo`limi, barlıq ta`biyatqa qarsı islengen isler adam ta`biyatına ta`sir etiwide mu`mkin ha`m onın` psixikasına, oylaw qa`biletine, sotsiallıq belsendiligine ta`sir etiwi mu`mkin. E.V.Girusova bılay degen "ekologiyalıq ma`deniyat–bul bizin` ishimizdegi noosferanın` payda bolıwı". Bilimdi ekologiyalastırıw barlıq bilim ju`yesindegi organikalıq ha`m basımlılıq bo`limi retinde qaraladı, startegiyalıq maqsetti anıqlaw ha`m ju`rgiziwshi bag`dar, og`an jan`a baha beriw, tek g`ana ta`biyatqa g`ana jan`a qarım–qatnas payda etpeydi, sonın` menen qatar ja`miyetke, adamlarg`a qolaylı jag`daylardın` payda bolıwına ha`r bir adamnın` huqıqın ta`miyinlew ha`m qorshag`an ta`biyat ortasındag`ı keskinlesiwdi jog`altıwg`a mu`mkinshiligi bar ja`miyetti payda etiw bolıp tabıladı. Ekologiyalıq ma`deniyat,ulıwma adamzat ma`deniyatındag`ı quramlas bo`limi bolıp keledi, adam arasındag`ı qunlı qarım–qatnas ko`lemi ha`m sotsiallıq ta`biyat ortasındag`ı protsesstin` payda bolıwı ha`m materiallıq ha`m ruwxıy baylıqtı ha`m minez qulqın anıqlaydı,

bahalı bag`dar dizimi payda boladı ha`m ja`miyettin` juwapkershilikli wazıypası ha`m turaqlı biosferadag`ı jeke adamdı saqlaw, ekologiyalıq iskelikti da`lillew ha`m adamzat xızmetinin` sheshiminde, ta`biyattı qorg`aw ha`m onı tanıwı menen baylanıslı.

Ekologiyalıq ma`deniyattın` tiykarg`ı salasına du`nyatanıw ilimi qatarında geografiya pa`ninin` de a`hmiyeti u`lken. Bul oqıwshılardın` bilim dizimine, ha`zirgi zamang`ı adekvatlıq ilimiy du`nya suwretin qurastırıw; ekologiyalıq oylaw, a`lemdi tanıw, bahalı jobalar, ekologiya nızamın tu`siniwge ko`mek ko`rsetiw mu`mkinshiligi, ta`jiriybeli xızmetler, ta`biyattı unamlı ha`m tejep paydalanıwdı u`yreniwge ta`sirin tiygizetug`ınlıg`ı anıq.

## PAYDALANILG`AN A`DEBIYATLAR:


1. Mirziyoev.Sh.M. "Sın talqılaw, qatan` ta`rtip-intizam ha`m jeke juwapkershilik-ha`r bir basshı jumısının` ku`ndelikli qag`ıydası bolıwı kerek" - Elimizdi 2016-jılı sotsiallıq-ekonomikalıq rawajlandırıwdın` tiykarg`ı juwmaqlarına ha`m 2017-jılg`a mo`lsherlengen ekonomikalıq bag`darlamanın` en` a`hmiyetli tiykarg`ı bag`darlarına bag`ishlang`an Ministrler Kabinetinin` ken`eytilgen ma`jilisinde islegen bayanatı. "Erkin Qaraqalpaqstan" 2017-jıl 17-yanvar. №8-9 (19939)Каримов И.А. Ўзбекистон XXI аср бўсағасида: хавфсизликка таҳдид, барқарорлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари.- Т.: «Ўзбекистон», 1997. -112-113-б.
2. I.A.Karimov «Yuksak ma'naviyat – engilmas kuch» T., «Ma'naviyat» 2008 y.
3. O'zbekistan Respublikasining "Ta'lim to'g'risida"gi qonuni. T., 1997 y
4. Рафиков А.А. Геоэкологик муаммолар.Т.:Ўқитувчи. 1997.
5. Рафиков А.А. Табиатда экологик мувозанат.Т.:Фан.1990.
6. Gaypova R.T. J.Abdiramanov.Innovatsion texnologiya: Zamonaviy geografiya O'zbekiston geografiya jamiyati Axboroti 32 – jild 144-146 b.
7. Гирусов Е.В. природные основы экологической культуры Экология, культура, образование (материалы и конференции).– М:Б.И.,1989. с11–19.
8. Беркунова Л.А. Экологическая культура в аспекте становления ценностей современного общества. Дис. М. 2004 – с. 4.
9. Щепаньский Я. Элементарные понятия социологии. –М, 1969. – с. 50.
10. Жақсыбеков Ә.С. Экологиялық мәдeният. Алматы, 2009. 33б.
11. Афиногенов Д.В.Свобода, наука, природа //Общественные науки и современность.2001.№4,158.
12. Анучин В.А. Основы природопользования. – М, 1978, с.160
13. Коммонер Б. Замыкающийся круг. Природа, человек, технология. Пер. С англ. – Л. Гидрометесиздат 1974, с. 224.
14. Александрова Р. И., Смольянов А. В. Экология и мораль. – М,1984,с.28.
15. Швейцер А. Культура и этика. – М, Прогресс,1973, с. 307.
16. МарковичД.Ж. Социальная экология: Книга для учителя.М Просвещение, 1991, 176 б.
17. Яншина Ф.Т. Мировоззрение В.И. Вернадского и философский контекст учения о биосфере и ноосфере. Дисс. в виде науч. Доклада М, 1999. с 21.
18. www.google.uz
19. www.stat.uz.